

**Æ ДЗÆНГÆДАЙÆЙ БÆСТÆ Æ СÆРБÆЛ КА ИСЕСУЙ, УОЙ ДЗУРД НЕКУМÆ ФЕГЪУСУЙ!..**

*Иван ТУРГЕНЕВ (1818-1883), финсæг: «Æрдзæн æхе медæгæ хийнæ миутæ нæййес, æй хумæтæг, æхецæй боц некæд фæуй, æнæгъæуаги къленц миутæ нæ кæнуй, уæлдай монцтæй цох æй, уæдта – хуарз зæрди хецау... Тæрегъæддаг æй, æнæ ести бæллуйнаги нифсæй ка цæруй, еци адæймаг...»*


Цæун райдæдта 1993 анзи мартъий

0+

# Дигорæ

№13 (1029) 2026 анзи 11 апърел – хумидайæни мæйæ

Аргъ 1 туман


## НОМЕРÆН



### Æ ФÆЛЛÆНТТÆ – ÆВЕДУЙГÆ САУÆДОНÆ

Абони уæнгæ дæр ин устур аргъ кæнунцæ æ наукон æма аййевадон исфæлдистади алæмæтдзийнадæн... Уотæ ахид фегъосæн ес, дзубанди нæ номдзуд историк **Кокити Геуæргий** туххæй ку рацæуй, уæд. Æма æцæгæйдæр уотæ 'й – Цæгат Кавкази аллихузон адæмти цардарæзти æма цардвæндаги цаутæ æма хабæртти фæдбæл æ берæ бундорон фæллæнттæ бæрзонд цæстиварди 'нцæ, бæрзонд аргъгонд син цæуй.

Æма айдагъ науки нæ фескъуæлхтæй – æнтæстгинæй кодта литературон куст дæр, финста радзурдтæ, очерктæ, æмдзæвгитæ, пьеситæ. Зундгонд æй æ уадзимис «Æносон хаулли». Кæддæр æй нæ газети мухур кодтан, фал æй абони бабæй нæуæгæй ке мухур кæнæн, уомæн ес бæлвурд рæуонæ – Кокити Александри фурт Геуæргий райгурдбæл 4 апърели исæнхæст æй дæс æма æхсæзинсæй анзи (1896-1954). Уомæй бал ин абони ерæн æ рохс ном, хæстæгдæр номертæй еуеми ба ниммухуркæнуйнаг ан æхе туххæй бæлвурд æрмæг дæр.

## ТАБУГÆНÆГÆН ФÆЙЙАГЪАЗ КÆНУН ÆФСАПÆ ÆЙ...

# КÆМИ НИН АЙТÆ?.. КÆМÆЙ УÆ БАЙАГОРÆН?..



Къарæ ист æй социалон хизæгтæй

**Æбæрæгæй фесавдæй... Алли тугъд дæр æнæуойдæр æ æверхъаудзийнæдтæй зæрдрист фæккæнуй адæми, фал уæлдай содзаггаг е фæуй, æма сæ тугъдонти ирисхъи фæдбæл ка фæттухсуй, уонæн си, æбæрæгæй фесавдæй, зæгъгæ, ку фегъосун кæнунцæ... Устур Фидибæстон тугъди рæстæг цал æма цал бийнонтемæ исигъусидæ уæхæн уæззау хабар... Цал æма цал ниййерæги, седзæргæси, уобæл не 'ууæндгæй æнгъæлмæ кастæнцæ сæ тугъдонти фæззиндмæ... Цал æма си цал гъеуутæ æнгъæлмæ кæсгæй банæхстæр æнцæ се 'носон дуйнемæ...**

**Æма мæнæ нур дæр бабæй, сæрмагонд æфсæддон операций архайгутæй кедæрти бийнонтæмæ, гъулæггагæн, исигъусуй уæхæн уæззау хабар. Уони зæрдрист лæдæргæй, паддзахади 'рдигæй дæр æма бархеуонти фæрци арæзт цæуй куст, æбæрæгæй фесавдæй, зæгъгæ, ке нимайунцæ, уони ирисхъæ исбæлвурд кæнуни фæдбæл. Уой туххæй æрмæг кæсетæ 3-аг фарсбæл.**

## ЗОНУЙНАГ



### ГЪÆУУОНХÆДЗАРАДОН АРМУКЪАМÆ УÆ ХОНÆН!..

Куадзæни бæрæгбони кадæн Республикæ Цæгат Иристон-Аланий Гъæуун хæдзаради министрадæ сабати, 11 апърели, аразуй бунæттон фермертæ æма иннæ гъæуунхæдзарадон товаруадзгути продукций армукъа.

Республики фермерон хæдзарæдтæ æлхæнгути размæ рахæсдзæнæнцæ хуæрзгъæдæ æма экологон æгъдауæй æдас продукци. Уой хæццæ, зæрдæ æвæрунцæ, сæ æргътæ базарти хæццæ рабаргæй, асландæр ке уодзæнæнцæ, уомæй.

Армукъа уодзæнæй уæхæн адресбæл: Дзæуæгигъæу, Ватутини номбæл гъæунгæ, 116.

Райдайæн – 10 сахаттебæл.

Табуафси, исаккаг кænетæ армукъамæ!

## УОДИБÆСТГИН – АРФИАГ

# ДАГЕСТАНИ САБИЙТИ ИСИУАЗÆГ КÆНДЗÆНÆЙ ЦÆГАТ ИРИСТОН



Карз донивулдтити фудæй хуæрзæрæги Дагестани берæ рауæнти цæргутæбæл устур фидбилизтæ ке 'рцудæй, уой фæдбæл зæрдрист фæцæнцæ æндæр рауæнти цæрæг дзиллæ дæр. Аллирдигæй син агъазгонд цæуй.

Уотæ Цæгат Иристонæй дæр. Ардигæй гуманитарон агъаз æрвист цæуй донивулдтитæй багъигæдард рауæнтæмæ. Нæ республики разамунди загъдмæ гæсгæ, цæттæ ан багъæуаги æндæр гъуддæгути дæр сæмæ фæккæсунмæ.

Хаст ма æрцудæй уæхæн унаффæ дæр: донивулдти фудæй кæмидæр скъолати кустæн нуртæккæ гъæугæ хузи райаразæн ке нæма ес, уомæ гæсгæ нæ республикæ исиуазæг кæндзæнæй сæдæ дагестайнаг скъоладзауей. Арæзт син æрцæудзæнæй гъæугæ уавæртæ, цæмæй сæ ахури гъуддаг æнæкъулумпийæй идарддæр хъæртун кæнонцæ. Ахур кæнунæй уæлдай ма син арæзт цæудзæнæй аллихузон фæлладуадзæн æма културон-спортивон равгитæй пайда кæнунæн уавæртæ.

*Еу зундилæги, дан, бафарстонцæ: «Хуарз æгъдæуттæбæл дæ ка исахур кодта?..» Æма син е равардта дзуапп: «Æнæгъдæуттæ... Мæхе гъæуай кодтон, æнæгъдæуттæ ци илгъаг миутæбæл хуæст адтæнцæ, уонæй...» Гъулæггагæн, махæй беретæ, æнаккæгти миутæ илгъагдзийнадæ уингæй, уæддæр сæ фæнзунцæ...*

БÆРÆГБОН – ЗÆРДИРАЙХÆССÆГ

# «ПУСТЬ СВЕТ ВОСКРЕСЕНИЯ ХРИСТОВА НАПОЛНИТ НАШИ СЕРДЦА МИРОМ И РАДОСТЬЮ!..»

## ПОЗДРАВЛЕНИЕ ГЛАВЫ РЕСПУБЛИКИ СЕВЕРНАЯ ОСЕТИЯ-АЛАНИЯ С.И. МЕНЯЙЛО С ПРАЗДНИКОМ ПАСХИ



**Дорогие земляки!**

Сердечно поздравляю вас со Светлым Христовым Воскресением — главным праздником всего христианского мира.

Пасха Господня утверждает торжество жизни над смертью, победу добра над злом. Этот великий праздник обращает нас к высоким идеалам веры, надежды и любви, к непреходящим духовным и нравственным ценностям, призывает к созиданию, взаимопониманию и согласию в обществе.

Празднование Пасхи играет важную роль в сохранении исторического и культурного наследия нашего народа, способствует укреплению межнационального и межконфессионального мира, единства и гражданской солидарности.

Пусть свет Воскресения Христова наполнит наши сердца миром и радостью, принесет в каждый дом благополучие, укрепит веру, вдохновит на добрые дела и созидательный труд.

Желаю всем жителям республики крепкого здоровья, мира, добра и благоденствия.

Чырысти Райгас! Христос Воскрес!



АХСГИАГ ГЪУДДАГИ БАЙАРХАЙУН – НÆ ЕУГУРЕЙ ИХÆС

# УÆЛАХЕЗИ БОНМÆ ЦÆТТÆДЗИЙНАДÆ



Туғдон парадæй, акцитæ «Æнæмæлгæ полк», «Сæ цæсгæнттæмæ син бакæсæ», «Георгийи лентæ» æма æндæр гъуддæгутæй Цæгат Иристон исбæрæг кæндзæнæй Устур Фидибæстон туғди советон адæми Уæлахези 81-аг анз.

Еугурадæмон бæрæгбонмæ цæттæдзийнади фарстатæ равзурстонцæ республикон оргкомитет «Уæлахез»-и. Амудта 'й Цæгат Иристони Сæргълæуууæг **Сергей Меняйло**. Сæргълæуууæг куд радзурдта, уотемæй аци бæрæгбон нæ алке зæрди дæр цæруй, нацизмбæл фæуууæлахез ун æнцон нæ адтæй.

– Нæ алкæмæн дæр дæнцæн иссæнцæ туғди архайгутæ æма ветерантæ. Гъæуама сæмæ кæддæриддæр нæ цæстæ дарæн. Мадта мемориалтæ, циртдзæвæнтæмæ базелун дæр æй бони фæтки.

Уæлдай æргом раздахун гъæуй æригæнтти туғдон-патриотон фарстатæмæ, аразун гъæуй тематикон уроктæ, скъолати гъæуама фæззиннонцæ тематикон къумтæ, – фæббæрæг кодта Сергей Меняйло.

Хецауади Сæрдари хуæдæййевæг **Александр Реутов** куд загъта, уотемæй Уæлахези кадæн Дзæуæгигъæу æма районти искæндзæнæнцæ дуууæсæдемæ хæстæг аллихузон зæрдæбæлдарæн гъуддæгутæ.

Дзæуæгигъæуи 9 майи ци туғдон парад уодзæнæй, уордæмæ Сергей Меняйлой амундæй гъæуама æрхононцæ Хетæгкати Къостай номбæл университети Туғдон ахурадон центри курсантти, скъолати кадетти къласти ахурдзаути, хъазахъи минæвæртти. Уомæй уæлдай, Сæргълæуууæг фæдздзурдта Медгъуддæгути республикон министрадæмæ, Уæрæсей Национ гвардий регионалон управлений разамундмæ, цæмæй сæ номдзуддæр рæнгъонти рахононцæ Уæлахези парадмæ.

Уæлахези бон комкоммæ уагæй «Æнæмæлгæ полк»-и архайгутæ Сабурдзийнади проспекти рацæуудзæнæнцæ сæ кадгин фидтæлти, хеуæнтти къаристити хæццæ. Еци бон Цæгат Иристони Сæргълæуууæг фембæлдзæнæй Устур Фидибæстон туғди архайгути, фæскъилдуни фæллойни ветерантæ æма сæрмагонд æфсæддон операций архайгути хæццæ. Уæлахези бони размæ, 8 майи, деденгутæ кадгин уавæри исæвæрдзæнæнцæ мемориалтæ æма циртдзæвæнтæбæл.

Сергей Меняйлой хъæппæресæй 2021 анзæй фæстæмæ ке кæнунцæ, еци «Сæ цæсгæнттæмæ син бакæсæ»-йи акци дæр æ хъаури бацæудзæнæй. Дзæуæгигъæуи мэр **Милдзихти Вячеслав** куд загъта, уотемæй республики сæйраг сахари ес 2 минемæй фулдæр рекламон фæйнæгутæ, Устур Фидибæстон туғди архайгути, ветеранти къариститæ ба 'нцæ 10,7 минемæй фулдæр. Нур дæр курдиæттæ 'рветунцæ адæм. Сæ бон сæ администрацийæн, берæкъабазгун центртæн есун æй 16 апърели уæнгæ.

Никкæдæр ма еу патриотон проект – «Иристони адæми зæрдæбæлдард». Архивон служби сайт Устур Фидибæстон туғди архайгути туххæй хабæрттæй идзаг кæнуй. Иристони цæргутæ еци хабæрттæ 'рветунцæ. Хецæнæй æрдзубанди кодтонцæ бæрæгбони рæстæг æдасдзийнадæ æма æхсæнадон фæтки туххæй. Цæгат Иристони Сæргълæуууæг бафæдзахста еци бон базарти куст бауорамун, карз ниуæзтæ уæйæ кæнун дæр бауорамун Штыби фæзæ æма Дзæуæгигъæуи Сабурдзийнади проспекти.

***Цæгат Иристони Сæргълæуууæг æма Хецауади пресс-службæ***

2026 АНЗ – УÆРÆСЕЙ АДÆМТИ ЕУДЗИЙНАДИ АНЗ

# НÆ ÆМЗÆРДÆДЗИЙНАДÆ – НÆ ФАРНÆХÆССÆГ!..

Зундгонд куд æй, уотемæй Уæрæсей Президент **Владимир Путини** унаффæй 2026 анз нимад цæуй нæ бæсти цæрæг адæмти еудзийнади Анзбæл.

Е агъазиау гъуддаг æй, æма, куд федералон æмвæзни, уотæ регионти арæзт цæуй аллихузон медесгун мадзæлттæ.

Уотæ ахедгæ куст æнхæстгонд цæуй Цæгат Иристони дæр. Уой фæдбæл арæзт æрцудæй сæрмагонд гъуддагаразæг къуар дæр – организацион комитет. Æрæги адтæй кезуй æмбурд, амудта 'й нæ республики Сæргълæуууæг æма Хецауади Администраций разамонæг **Гобети Ибрагим**.

Æ радзубандий куд баханхæ кодта, уотемæй Уæрæсей адæмти еудзийнади Анзи ахедундзийнадæ агъазиау æй – е берæнацион уæрæсейаг адæм никки æнгондæрæй æрбайеу кæндзæнæй, сæ гъомусдзийнадæ син никки гъæздугдæр фæккæндзæнæй.

Уой фæдбæл дзоргæй загъта:

– Нæ республикæ 'й, сæдæгай адæмихæттитæ лимæнæй, кæрæдзей нимайгæй æма кæрæдземæй арази уогæй, кæми цæрунцæ, уæхæн регион. Еци берæвæрсугдзийнадæй æй сæ хъаурæ, сæ нифс æма разæнгарддзийнадæ. Е ма уой æвдесæн дæр æй, æма Уæрæсей национ политики бундори æвæрд ес, нæ бæсти рагæй ка цæруй, еци алли адæмихæттити агъазиау хуæдхуз.

Æ радзубандий ма Гобейфурт куд загъта, уотемæй, кæрæдземæн кадæ кæнгæй, кæрæдзей культурон аллихузондзийнадæ лæдæргæй æма нимайгæй, адæмæн арæзт цæунцæ хузæнон цардзи уавæртæ:

– Алли æвзагæн, традицитæн, историон зæрдæбæлдарæн æма культурон хецæндзийнæдтæн дæр гъæугæ фадуæттæ аразгæй, нæ бæсти æдасдзийнадæ æма хуæдбарæдзийнадæн аразæн федар бундор.

Адæмти еудзийнади анзмæ ци ахсгиаг мадзæлттæ бацæттæ кодтонцæ, уой туххæй фегъосун кодта национ политики министради разамонæг **Бæгъиати Алан**.

– Аци бæрæг анз нин фадуат дæттуй, цæмæй рæнгъæмæ рахæссæн, цалдæр дæсгай æнзти ци фæлтæрддзийнадæй исгъæздуг ан, уой.

Адæмти еудзийнади Анзмæ бацæттæ кодтонцæ, сæ ахедунддзийнадæ гъæуама бæрзонд кæмæн исуа, уæхæн зæрдæмæддзæугæ гъуддæгутæ – сæдемæй фулдæр. Анз кадгин уавæри игонгонд æрцудæй 6 феврали республики Национ библиотеки арæзт мадзалæй. Игон ба 'й бакодта нæ республики Сæргълæуууæг **Сергей Меняйло**. Æнæмæнгæ, берæ медесгун мадзæлттæ æнхæстгонд цæудзæнæнцæ районти дæр. Аллихузон акцитæ, фестивальтæ, уордæмæ хунд цæудзæнæнцæ не 'нсувæрон Кæсæг-Балхъари Республики районти минæвæрттæ дæр.




Куд нисангонд цæуй, уотемæй аллихузон спортивон, культурон, ахурадон æма æндæр цаутæй æнхæст уодзæнæй 2026 анз.

Федарæй æуууæндæн ес уобæл, æма адæмти еудзийнади Анзи зингæ фæффедардæр уодзæнæнцæ алли адæмихæттити æвзæгтæ, культурæ, æгъдæуттæ æма цардиуагон фæткитæ гъæуай кæнуни æма райрæзти фæдбæл архайд, зингæ фæббæрæг уодзæнæй нæ бæсти медæгæ æхсæн-национ еудзийнадæбæл, сабурдзийнадæбæл, аразидзийнадæбæл. Æма ма никки ирддæрæй исбæлвурд уодзæнæй тæккæ сæйрагдæрæй-сæйрагдæр æцæгдзийнадæ – нæ бæстæ гъæздуг æй æ адæмтæй, уони æмзæрдæдзийнадæ 'й фарнæхæссæг нæ еумæйаг Фидибæстæн.

***Æрмæг бацæттæ кодта Бичилти Алетæ***

**Мадæ – Зæнхи Æхсæндуйнеуон бон бæрæгонд цæудзæнæй 22 апърели. Цæй æма уæддæр аци бæрæгбонмæ гæсгæ ести ахедгæ мадзæлттæ ни алкедæр исаразæд нæ зæнхæ-дарæги хуарзæн.**

**СÆРМАГОНД ÆФСÆДДОН ОПЕРАЦИ: ЦАУТÆ, ХАБÆРТТÆ, ЗОНУЙНАГ ИГЪОСУНКÆНУЙНÆГТÆ**



# КÆМИ НИН АЙТÆ?.. КÆМÆЙ УÆ БАЙАГОРÆН?..»

Æбæрæгæй фесавдæй, зæгъгæ, сæрмагонд æфсæддон операций архайгутæй нимад ка цæуй, уони ирисхъæ исбæлвурд кæнунбæл еугур равгитæ æма гæнæнтæй байархайун абони æй ахсгиагæй-ахсгиагдæр гъуддаг. Уой фæдбæл архайд нæ республики уæнгæ дæр цудæй, идарддзæфмæ 'й æнхæст кодта «Своих не бросаем», зæгъгæ, къуар. Фал куст цæмæй никки фæййахедгæдæр уа, уой туххæй ба нæ республики Сæргълæууæг **Сергей Меняйлой** хъæппæресæй сæрди арæзт æрцудæй æбæрæгæй фесæфæг тугъдонти ирисхъæ исбæлвурд кæнуни сæрмагонд Центр. Разамунд ин дæттуй тугъдон уацхæссæг **Арзу Мамедова**.

Аци æригон силгоймаг цуппар анзей дæргъи барвæндонæй кæнуй, æбæрæгæй фесавдæй, зæгъгæ, нимад ка цæуй, еци тугъдонти иссеруни куст. Æма ин а сæрди республики Сæргълæууæг, сæрмагонд тугъдон операций уогæй, ку фегъосун кодта Центр исаразуни гъуди, уæд лæдæрдтæй, зин, фал æнæмæнгæ гъæугæ гъуддаг ке æй, æма исаразун æй æ разамонæг исунбæл.

Æрæги Арзу Мамедовайæн дзиллон хабархæссæг фæрæзнити минæвæртти хæццæ ци фембæлд адтæй, уоми куд фегъосун кодта, уотемæй Центри байгонбæл уойййасæбæл берæ рæстæг нæ цæуй (дууæ мæйемæй еуцæйбæрцæдæр фулдæр), уæддæр æнæмæнгæ гъæуйнаг ке æй, е уайтæккæдæр рабæрæг æй.

Сæрмагонд æфсæддон операций æбæрæгæй ка фесавдæй, еци тугъдонти ирисхъæ базонуни туххæй ардæмæ цæунцæ, финсунцæ, дзорунцæ айдагъ нæхе республики сахартæ æма гъæутæй нæ, фал Уæрæсей иннæ регионтæй дæр. Агорæн куст ка кæнуй, еци фондз æма дууинсæй адæймагемæй цуппæрдæс сæхуæдтæ 'нцæ операций архайгутæ.

– Уæрæсей регионти хæццæ идарддзæфмæ куст дæр нæ ниууагътан, операций райдайæнæй æй æнхæст кæнæн, – загъта Арзу Мамедова. – Раст нæ адтайдæ, цуппар анзи сæ хæццæ фæккосæ, æма нур Центр ку байгон æй, уæдта сæ ниууадзæ. Æбæрæгæй ка фесавдæй, еци тугъдонтæн сæ дæс æма инсæй проценти иссирдтан. Агоруни гъуддаги берæ аразгæ 'й Уæрæсей Гъæуайкæнуйнади министради агъазæй. Уомæ гæсгæ ба нисан кæнунцæ Запорожьей «Алани»-й батальони дæр Центри дæлхайадæ байгон кæнун, уотемæй тугъдон командирти фæрци Уæрæсей Гъæуайкæнуйнади министрадæй информаци есун, уæдта æфсæддон хæйтти хæццæ бастдзийнадæ дарун.

Зингæ бафтудæй волонтерти нимæдзæбæл, кæмидæриддæр сæ агъаз багъæуй, уоми еуварс нæ лæуунцæ. Зæгъун гъæуй уой дæр, æма сæ куст ба зин æма уæззау æй, уæлдайдæр ба психологон уагæй. Æма си алке нæ бафæраздзæнæй. Тæккæ зиндæр æй, тугъдони бийнонтæн æ мæлæти хабар фегъосун кæнун. Дзиллон хабархæссæг фæрæзнити минæвæртти хæццæ фембæлди рæстæг Арзу куд фегъосун кодта, уотемæй еци бон иссирдтонцæ, æбæрæгæй фесавдæй, зæгъгæ, нимад ка цудæй уонæй еуей, хуæрзæригон лæхъуæни.


Арзу МАМЕДОВА

Æ хеуæнттæн æй куд зæгъонцæ, еци сагъæс Арзуйæн нæ цох кодта æ сæрæй нæ бацудмæ.

Сæ куст зин æма уæззау æй уомæй дæр, æма сæхуæдтæ дæр æдас нæ 'нцæ фудбæлахæй.

– Нæ волонтертæй дууæ фæммард æнцæ знаги нæмугæй, – зæрдхъурмæй фегъосун кодта Арзу. – Келехсати Рустам Сунжи гъæуæй æма Туати Хетæг Æрæдонæй… Фиццаг бæнттæй фæстæмæ адтæнцæ сæрмагонд æфсæддон операций. Анз æма сæ æрдæг сæ сикъити хайбæл исæмбæлун кæнунæн равгæ нæййес… Рустам цæфæй, госпитæли уогæй дæр æ куст нæ ниууагъта. Е 'нсувæр Геннади дæр фæмард æй тугъди будури, исластонцæ 'й æма 'й ами байвардтонцæ...

Æцæг патриоттæ адтæнцæ Рустам æма Хетæг… Тæссаг рауæнти тох кодтонцæ, фал нæмæ нифс адтæй, сæрæгасæй ке исæздæхдзæнæнцæ. Иристонæй сæ фæллад исуадзуни фæсте ку æздахтæнцæ тугъди будурмæ, уæд сæ нæхуæдтæ рафæндараст кодтан. Сæхуæдтæ зин уавæри уогæй, агъаз кодтонцæ иннетæн дæр… Нæбал æндеуæн еци рауæнтæмæ еске æрветун, мæ гъудитæ алкæд сæ хæццæ 'нцæ. Рустам æстдæсанздзуд тугъдони мард авд километри æхебæл фæххаста тугъди будурæй, æ мадæмæ 'й бахъæртун кæнон, зæгъгæ.

Æхуæдæг цæф адтæй, бахаудтæй госпитæлмæ. Хетæги нæбæл фæдзахста, ести мæбæл ку 'рцæуа, уæд мин мæ мадæн фатер балхæнетæ. Æ ниййерæг æмдзæрæни цæруй, лæхъуæни зæрдæ имæ дзурдта, лæдæрдтæй æй, кумæ цæуй, уордигæй хъæбæр зин ке уодзæнæй фæстæмæ исæздæхун… Æ фæстаг загъд дæр адтæй: «Нæбал мæ фæууиндзийнатæ». Сæ мæлæти фæсте дæргъвæтийнæ рæстæг мæбæл хуссæг нæбал хуæстæй, мæхуæдæг дæр рандæ дæн сæрмагонд æфсæддон операцимæ. Мæйæ, дууæ мæйи си фæдтæн уой размæ, фæстагмæ, мацæбæл гъуди кæнон, зæгъгæ, си байзадтæн. Еу минкъий рæстæг мæ дохтирти агъаз дæр багъудæй, фал мæмæ адæм дзурдтонцæ аллирдигæй, æма, тæрегъæд æнцæ, зæгъгæ, дууæ къуæрей фæсте сæйгæдонæй рацудтæн æма мæ куст идарддæр хъæртун кодтон…

Центри косгутæй алке ирисхъæ дæр тугъдон æверхъаудзийнадæй æй сæрмагонд æфсæддон операций хæццæ. Алкæмæй дæр си кадæр уоми бастъалдæй: кæмæн – æ сæри хецау, кæмæн – æ хуарз хæстæгутæ… Уæхæн зиндзийнæдтæ бавзаргæй дæр сæ нифс нæ расастæй, еумæйагæй косунцæ арфиаг гъуддагбæл – зæрдрист ниййергутæн, бийнонтæн агорунцæ сæ тугъдонти, архайунцæ сæ ирисхъæ исбæрæг кæнунбæл. Кусти уæззаудæр уаргъ æхемæ райсуй Арзу æхуæдæг, иннетæ нерæнгæ ахур нæма 'нцæ, зæгъгæ. Амонуй син, сæ хæццæ дзубанди кæнуй, цæмæй сæ психикæ ма фæккеуа.

– Ке фæййагорæн, еци тугъдонтæй информаци ке туххæй райсæн, уонæй беретæн сæ бийнонтæй кæмæндæр се 'нæнездзийнадæ рæвдзæ уавæри нæ фæууй – кæмæн æ зæрдæ ресуй, ка ба уæззау сæйгæ 'й… Сагъæси бафтуйæн, куд син æй фегъосун кæнæн… Нæ Центри косуй æртæ психологи, ке багъæуй, уони фæууинунцæ сæ косæн бунæтти, лæвар. Идарддзæфмæ дæр косунцæ психологтæ, æма ку багъæуй, уæд цæттæ 'нцæ фæййагъаз кæнунмæ…

Центри косгутæн ес бастдзийнадæ, æбæрæгæй фесавдæй, зæгъгæ, нимад ка цæуй, еци тугъдонтæн сæ бийнонти хæццæ, исахур сæбæл унцæ. Аллибон сæмæ цæунцæ, нифс сæмæ фæууй, ке сæ иссердзæнæнцæ, сæ тугъдонтæй хабар ку нæбал фегъосунцæ, уæд. Фал, рæстæг куд цæуй, уотæ еци нифс дæр минкъийдæр кæнун райдайуй сæ зæрдити. Уæддæр Центри косгутæ ба нæ нидæндæр кæнунцæ архайд, фæндуй сæ, сæ тугъдонти ирисхъæ базонунмæ ка бæллуй, уони содзаггаг фарстайæн: «Кæми нин айтæ?.. Кæмæй уæ байагорæн?..» – бæлвурд дзуапп раттун…

***ХЕКЪИЛАТИ Маринæ***

# ЕУМÆЙАГ БИЛЕТТÆ СИН РАТДЗÆНÆНЦÆ

Аци анзæй фæстæмæ сæрмагонд æфсæддон операций цæгатиристойнаг архайгутæн дæтдзæнæнцæ бæсти Социалон фонди реабилитаций центртæмæ хе дзæбæх кæнунмæ цæуни барæдæттæг еумæйаг билеттæ.

Социалон фонди реабилитаций центртæмæ æма фæстæмæ цæуни барæдæттæг еумæйаг билеттæ дæтдзæнæнцæ транспорти еугур хузтæн (поезд, хуæдтолгæ, хуæдтæхæг, автобус, кенæ донон транспорт нимайгæй). Дзæбæхкæнуйнади фæдбæл курдиæттæн аразий дзуапп райсуни хæццæ еци-еу рæстæг еумæйаг билет дæр исараздзæнæнцæ. Сæрмагонд æфсæддон операций архайгутæн уодзæнæй барæ равзарун, ци хузи ин ратдзæнæнцæ нади харзи аргъ, уой: компенсацийæй æма еумæйаг билети хузи. Нади харзи бафинсти нæуæг хузæй испайда кæнæн уодзæнæй аци анзæй фæстæмæ æрвист курдиæттæмæ гæсгæ. Адæймагмæ ес балцæг райсуни фæдбæл курдиадæ Уæрæсей Социалон фонди цæгатиристойнаг хайади цийфæнди клиентон служби, кенæ портал «Госуслуги»-й фæрци барветуни барæ.

Никкидæр ма еу нæуæгдзийнадæ барæ даруй сахъатдзийнади фиццаг къуари хæццæ сæрмагонд операций архайгутæн: нади харзи, цæрунади æма хуаллаги аргъ кæмæн бафедунцæ, аци анзæй фæстæмæ амунд адæймæгутæмæ ес реабилитацион центртæмæ хе дзæбæх кæнунмæ уæхæн æмдзогæнгути хæццæ 'рбацæуни барæ. Медицинон бæрæггæнæнтæмæ гæсгæ, фæккæсуйнаг ка 'й, æмдзогæнгути хæццæ цæуни барæ ес уæхæн ветерантæмæ.

Нуриккон вазуггин косæндзаумæуттæй ефтонггонд ка 'й, демобилизацигонд цæгатиристойнаг æфсæддон службæгæнгутæмæ ес дзæбæхкæнуйнади Социалон фонди реабилитаций дууадæс уæхæн центри рацæуни барæ. Аци центри æрбунæттон æнцæ Астрахани, Мæскуй, Владимири, Саратови, Кирови, Волгогради, Тюмени, Кемерови, Томски æма Омски облæстти, уæдта Краснодари край æма Республикæ Хакасий.

Санаторон-курортон дзæбæхкæнуйнади дæргъвæтийнæдзийнадæ 'й еу æма инсæй боней уæнгæ, медицинон реабилитаций æмгъуд алли адæймагæн дæр хецæнæй исбæлвурд кæнунцæ. Адæймагмæ ес санаторон-курортон дзæбæхкæнуйнади анзи дæргъи еунæг хатт рацæуни барæ, медицинон реабилитаци цал хатти банхæст кæндзæнæнцæ, е ба бæлвурдгонд æрцæуудзæнæй медицинон бæрæггæнæнтæмæ гæсгæ.

Фарстати фæдбæл бадзорæн ес мæнæ аци номермæ: **8-800-100-00-01**, телефонæй бадзорæн ес Уæрæсей Социалон фонди Еугонд контакт-центрмæ.

Уæрæсей Социалон фонди цæгатиристойнаг хайади кусти фæткæ: авдисæрæй цуппæрæнмæ – 9 сахатемæй 18 сахатей уæнгæ, майрæнбони ба – 9 сахатемæй 16 сахатей æма 45 минути уæнгæ.

***Уæрæсей Федераций фонди цæгатиристойнаг хайади пресс-службæ***



**Искурдиадæгин поэт Дзаболати Дударихъой фурт Хазбийи райгурдбæл 16 апърели æнхæст кæнуй финддæс æма цуппаринсæй анзи (1931-1969). Æ рохс ном ин хæссуй æ райгурæн Нæуæггъæуи культури Галауан, уой фарсбæл æ номерæнæн æвæрд æй мемориалон фæйнæг.**

*Цæгат Иристони адæмон поэт ХЪОДЗАТИ Æхсар æ киунугутæй еуеми æримиста мæнæ ауæхæн хабар: «Æгкацати Зелим евгъуд æноси 60-аг æнзти педагогон училищей ахур кодта. Еуузæхæни дин сæ ахургæнæг уроки СЦКП-йи фиццаг секретарь Никитæ Хрущеви æстаунтæ ку байдайидæ. Æгæр карз ку кодта, уæд Зелим æвваст æ бунатæй фæгъгъæр ласта: «Маладец, Хрущев!..» Ахургæнæг е 'стауæн дзубандитæ*

## АДÆМ Æ РÆСТДЗИЙНАДÆ КÆМÆН ЗОНОНЦÆ, УОМÆН МА АККАГ АРГЪ ДÆР КУ КÆНИУОНЦÆ



# ÆГКАЦАТИ Валоди: «МÆ МУГГАГ МИН ЗÆГЪУНМÆ ХРУЩЕВ ÆГИРИДДÆР НÆ АРÆХСТÆЙ!..»



**ДАУРАТИ Дамир,** Цæгат Иристони адæмон финсæг

***Æгкацати Валодий хæццæ фембæлди рæстæги не 'хсæн уæхæн зæрдибун дзубанди байеудагъ æй, æма ма уæд берæ дессаги хабæрттæ фегъустон. Уони мæ зæрдæбæл бадаргæй, уотæ æнгъæл дæн, æма Иристони дзиллитæн дæр етæ цæмæдесаг уодзæнæнцæ. Уомæ гæсгæ ба мæ зæрди ес еууæхæни сæ лæмбунæгæй ниффинсун æма сæ ниммухур кæнун...***

Уомæй ци зæгъунмæ гъавта, уой нæ балæдæрдтæн, фал дуккаг бон газет «Правда»-йи фæззиндтæй Хрущеви хузæ, еци нартихуæртти хæццæ, æ дзурдтæ си финст, уотемæй.

Еухатт ЦК-и Пленуми кадæртæ цидæр унаффи нихмæ карзæй радзурдтонцæ, Хрущев сæмæ трибуни лæугæй лæмбунæг байгъуста, сæ хæццæ исарази æй, уæдта е 'мбæлттæй еуебæл тубуттитæгæнгæй, циуавæр æнæсæр, дан, бафинста æ къох, еци унаффи бунмæ. Рахастонцæ имæ еци унаффæ æма си… æхе къохфинст. Æ сæр батилдта, берæ фæххудтæй, зал дæр æ хæццæ.

Нæ зонун, иннетæ ци гъуди кæнунцæ уой, фал нæ бæсти уæди разамонгутæй еугуремæй зундгиндæр адтæй Косыгин. Еу хатт мæ æстаугæ дæр ракодта, фал си уотæ уой туххæй нæ зæгъун – æцæгæйдæр уотæ ке адтæй, уобæл ба уæ федарæй æууæндун кæнун. Уæдта уотæ зæгъунцæ, æ рæстæги æ хæццæ косгæ кæмæн рауадæй æма 'й хуарз ка зудта, етæ дæр.

Æстаугæ ба мæ цæй туххæй ракодта. Цæветтонгæ, еу ку адтæй, уæд мæ фæззæги нартихуар æфснайæнти рæстæги Тамбови облæстмæ рарвистонцæ фæккæсунмæ.

**Авторæй.** *Æгкацати Валодий партий Цæгат Иристони обкоми фиццаг секретари бунатæй ку исуæгъдæ кодтонцæ, уæд еу рæстæг ракуста Стъараполи крайи æнхæстгæнæн комитети сæрдари хуæдæййевæгæй, уæдта 'й Мæскумæ райййивтонцæ ССР Цæдеси адæмон контроли Комитети – уæди рæстæгути уæхæн оргæн дæр адтæй – инспекторæй. Æма мæнæ ци хабари кой кæнуй, е дæр, æвæдзи, уæди рæстæгути адтæй уæхæн фæткæ, æма будуйрон куститæ сæ тæмæни ку бацæуионцæ, уæд гъæууонхæдзарадон рауæнтæмæ цæстдаргути хузи æрвист цудæнцæ советон-партион бæрнон косгутæ, цæмæй гъуддæгутæ къулумпитæ ку кæнонцæ, уæд æвæстеуатæй уавæр фæррæвдзæ кæнунæн райаразтайуонцæ мадзæлттæ.*

Уæд уоми разамунд лæвардта Черный, е уомæй раздæр махмæ, Цæгат Иристони партий обкоми дуккаг секретарæй куста. Еуцалдæр элеватореми фæууидтон, ардæмæ нартихуарæй идзагæй берæ аллихузон транспорт цудæй, æма уонæй æ гуфæ кæмæн нæ хъел кодта, гъома, æхуæдæг æхе раревæд кæнуни мадзал кæмæн нæ адтæй, уонæй тиллæг адæм къохтæй куд калдтонцæ, уой. Уомæн дзæвгарæ рæстæг дæр куд нæ гъудайдæ, æма уомæ гæсгæ ба фæстеуат кодтонцæ херевæдгæнæн хуæдтолгитæ дæр. Уомæн æма еци аллихузон тиллæгласæг аллихузон транспорт еугурæй дæр еци-еу рæнгъи лæудтæй. Кезуй тæразæмæ алкедæр исбарун гъудæй, ка си цæйбæрцæ тиллæг æрбаласта, уой. Е къулумпий миуæй уæлдай неци адтæй, уомæ гæсгæ ба син баунаффæ кодтон: херевæдгæнæн хуæдтолгитæ, зæгъун, хецæн уæзæбарæнтæбæл уагъд цæуæнтæ, уомæн æма етæ тагъддæр ревæдгонд цæудзæнæнцæ, æма уомæ гæсгæ уæддæр етæ æнæкъулумпидæрæй фæстæмæ будуртæмæ 'здæхонцæ. Уой фæрци ба тиллæг æфснайæнти архайæг транспорт æнхæстдæрæй пайдагонд цæудзæнæй.

Мæ унаффæ Черныйи зæрдæмæ фæццудæй. Никки ба ма еци хъæппæрес синхаг облæсттæбæл дæр фæххæлеу æй. Сауæнгæ Косыгинмæ дæр æй бахъæртун кодтонцæ, е ба 'й Брежневæн загъта. Æма уæд Брежнев еугур обкомти секретартæмæ фæдздзорун кодта, Тамбови облæсти, дан, ци хуарз гъуддаг исаразтонцæ, уой сумах дæр бафæнзетæ, зæгъгæ.

Косыгин ку дзурдтайдæ, уæд си уæлдай дзурд дæр нæ фегъустайсæ, уæззау зунди æма устур культури хецау адтæй. Гъулæггагæн, уæлдайдæр хецаудзийнади æрбадгути миутæй дæр берæ цидæртæ зин балæдæрæн уиуонцæ. Адтæй уæхæн цау, кæддæр сæмæ Косыгини хæццæ се 'хсæн буцæу рауадæй. Æма цæй фæдбæл? Цæветтонгæ, Косыгин ку фæссæйгæ 'й, уæд имæ Брежнев рæуони цуд сæйгæфæрсæг бакодта æма ин æнæргъудийæй загъта, ци, дан, нæ фæууй, дæубæл ести ку 'рцæуа, уомæ гæсгæ ба дæ дачæ, дан, рагацау исуæгъдæ кæнæ. Еци дзубанди ин æ мæлæти бон фæххæстæгдæр кодта… Гъе, уæхæн адтæнцæ нæ бæсти уæди сæргълæугутæ.

**– Суслови туххæй ба ци зæгъдзæнæ? Мæ фарст хумæтæги нæй – нæ адæм æй æгириддæр нæ уарзтонцæ…**

– Хъæбæр раст ин кодтонцæ! Нæ хуæздæр лæгти надбæл нин цæхгæрмæ 'рлæудтæй, къулумпийæн син цæлхдортæ аразта. Æ хузæ ин нæбал гъуди кæнис? Кæцæй райдæдта æ еци мастесæн, уомæ байгъосæ. Еу ку адтæй, уæд Сталин исдзурдта Хъубадимæ, Мæздæги район, дан, Стъараполæй есæн æма 'й Иристони хæццæ еу кæнæн, зæгъгæ. Уæд партий Стъараполи обкоми фиццаг секретарь ба адтæй еци нæбæзгæ æма еци хабар æ зæрдæмæ нæ фæццудæй, фал еугæр Сталин унаффæ рахаста, уæд ин æ бон ци адтæй. Æма æ илгъаг зæрди ци маст исæвзурдæй, уой равгæ ин куддæр фæцæй, уотæ мах разамонгути 'рдæмæ исаразта. Хъубадий хæццæ дæр цæбæлдæр фæббуцæу æнцæ, æма имæ Суслов фæххаран æй. Нæ Цитгин Уæлахези туххæй Тбилисий арæзт æрцудæй циуавæрдæр еугурцæдесон æмбурд. Радзубанди си кодта Хъубади дæр. Æма, нæ еци Уæлахезмæ ка ци æвæрæн бахаста, уобæл дзоргæй, Суслови кой не 'скодта… Уомæн æма си ци гъæуама загътайдæ, цæмæй фескъуæлхтæй тугъди рæстæг?..

Фæстугъд Хъубади Тбилиси уæлахези туххæй циуавæрдæр цæдесон устур æмбурди радзурдта, еци уæлахезмæ, ка ци æвæрæн бахаста, уой туххæй æма си Суслови кой не 'скодта. Еци цау дæр æ цъамар зæрдæбæл бадардта. Никки хъæбæрдæр имæ уæд фæххæран æй. Æма ЦК-и секретарь ку иссæй, уæлдайдæр ба Сталин ку нæбал адтæй, уæд имæ бустæги фæннихмæ 'й, æ куст ин æзгелæгæнæгæн сæрмагонд къамис исæрвиста. Уæди рæстæгути ба уотæ адтæй, æма уæхæн къамис куд исфæндæ кæна, уотæ дин дæ кустæн исаргъ кæндзæнæнцæ. Сæ исцуди нисан ку уа, уæд дин дæ кусти уа нæ уа, уæддæр цидæр гъæуагæдзийнæдтæ æнæмæнгæ иссердзæнæнцæ. Уотæ рауадæй уæддæр – цæмæйти ба нæ фæффудгин кодтонцæ Хъулайфурти. Никки ба ин æ цæстæмæ бадардтонцæ, Берийи хæццæ, дан, лимæнтæ адтайдæ. Берий ба уæд, куд зонис, нæ бæсти сæйраг фудгæнæг исхудтонцæ. Уотемæй ба Хъубади еу хаттæй уæлдай Берийи хæццæ нæдæр кусти фæдбæл, нæдæр æнæуой уотид дæр некæд фембалдæй.

Уæдæй фæстæмæ Сусловæй ме 'сæфт уидтон. Баруагæс ди уæд, Дамир, партийæн уомæн æхецæй фулдæр знаггадæ неке æрхаста. Хрущеви фæсте Генералон секретарæй гъæуама иссайдæ Шелепин. Фал Суслов зудта, е æй ке нæ уарзта, кусти медæгæ карз, домагæ ке адтæй, ке æй фæссордзæнæй, уой, æма алли хабæрттæ дæр исаразта, цæмæй Брежнев иссайдæ Генералон секретарь, уой туххæй. Хрущев æма Брежнев ба Суслови сæхемæ хæстæг дардтонцæ, уомæн æма 'й зудтонцæ, сæ бунатмæ син ке нæ бæллуй, ци ин ес, ци ин бантæстæй, е имæ фагæ ке кæсуй, уой.

*(Кæрон.*
*Райдайæн 11-аг номери.)*

## АЛЦÆМÆН ДÆР РАСТДÆР ТÆРХОНГÆНÆГ РÆСТÆГ ÆЙ...




**Æгкацати Валоди нæ республики сæргъи ци рæстæг фæцæй, уой дæргъци ци хуарздзийнæдтæ æма арфиаг гъуддæгутæ исаразта, уони кæрæй-кæронмæ ранимайуни равгæ нин нæййес. Фал си уæддæр кæцидæрти туххæй ба зæгъдзинан.**

**Æ рæстæги Цæгат Иристони паддзахадон медицинон институт нимад адтæй нæ бæсти хуæздæр уæлдæр ахургæнæндæнтти нимæдзи, æ рауагъдонтæ æнтæстгинæй кустонцæ Советон Цæдеси еугур рауæнти дæр. Æма кенæ еци гъуддаг, кенæ ба цæмæдæр гæсгæ Уæрæсей разамунд рахаста унаффæ æ нихгæнуни, æма 'й Владивостокмæ райййевуни туххæй. Еци æверхъау миуи нихмæ карзæй**

***æрдæгбæл фæууагъта, Зелими ’рдæмæ баздахтæй æма ин алливудтæ ракалдта: «Биццеу, дæ цъухи уагæ цæмæннæ зонис?! Никитæ Сергеевич дæу маладец гъæуагæ ’й?!.» Ка ’й зонуй, ахургæнæг дæр балæдæрдтæй, Зелими загъд айуан ке æй, уой… Æма æ хæццæ дæр, æвæдзи, арази адтæй, фал махмæ нæ цæргæ-цæрæнбæнтти «паддзæхти» туххæй уотæ дзорун некæд æнгъизтæй æма нур дæр не ’нгъезуй…***

Никки ба ма сæйгæ дæр адтæй, ургти незæй хуæцгæ нез имæ адтæй æма имæ хæстæг неке цудæй. Æз мæхуæдæг æвдесæн адтæн, ЦК-и иннæ секретарти къæбинетти размæ цæйбæрцæ ’рбацæуæгутæ лæууидæ, уомæн, Суслови дуармæ ба – еу кенæ дууæ. Неци фарстатæ лух кæнун иста æхемæ, алцидæр – гъавгæ, неке хæццæ буцæу кодта, адтæй тикиси хузæн, налат æма фæливд лæг. Æз си мæхе гъостæй фегъустон цалдæр хатти, Хрущеви туххæй куд зæгъидæ: «Мах нæ уарзон Никитæ Сергеевичи æфхуæрун нæ бауадздзинан…»

Уотемæй ба, ами, Иристони æй куд хонунцæ, еци Микъити Пленуми æ бунатæй ку истонцæ, уæд æхуæдæг байагурдта, æз, дан, уодзæнæн докладгæнæг.

Нæ номдзуд Исси дæр нин е нæ рауагъта размæ, Маршæли ном раттуйнаг адтæнцæ нæ разагъди æфсæддон лæгæн, æ гæгъæдитæ – цæттæ, гъуддаг кæронбæттæни кæмæй аразгæ адтæй, уони къох бафинсун ма си гъудæй, фал Суслов ницъцъæх æй, Бакуй уогæй, дан, Багирови (Азербайджани раздæри разамонæг, е дæр уæди рæстæгути нæ бæсти знагбæл нимад цудæй – Ред.) хæццæ æнсувæрти хузæн адтæнцæ, цардмæ дæр, дан, сæ цæстингас еу адтæй, еу зундирахаст син адтæй. Гъулæггагæн, Суслови лæгъузмæ байгъустонцæ.

Мæнæн дæр ци бакуста, уомæ игъосæ. Хъубадий хæццæ махмæ 1953 анзи Мæскуй Пленуммæ ку фæдздзурдтонцæ, уæд Суслов уоми исистадæй æма фегъосун кодта, Хъулати Хъубади æ кустæй ист ке цæуй, уой æма уой фудæй, зæгъгæ… Берæ цидæртæ ранимадта. Æ бæсти ба, дан, уордæмæ æрвист цæуй ЦК-и сæйраг инспектор æма дин мæ муггаг ку зæгъидæ. Мæнæн е уоййасæбæл æнæнгъæлти адтæй, æма ракуддæртæ дæн, мæ хайади хецаумæ бакастæн, зæгъун, е ци æй, мæн ку неке бафарста, мæ хæццæ ку неке дзубанди кодта. Е æ усхъитæбæл исхуæстæй æма Суслови ’рдæмæ байамудта. Еци усми мæ фæндæуагæ ку фæцайдæ еци цъамар, уæд…

**Авторæй:** *Евгъуд æноси, 70-аг æнзти Æгъузарти Саукуйи хæццæ ахур кодтон Ростови уæлдæр партион скъолай. Еу зуймон изæри Буденныйи номбæл проспекти æмдзæрæнмæ цудан æма берæуæладзугон хæдзарттæй еуей тегъæбæл фæккомкоммæ ан мемориалон фæйнæгмæ. «Ами цардæй æма куста зундгонд партион æма паддзахадон архайæг…» Æма си ставд дамугъатæй финст: «Суслови муггаг, ном æма фиди ном». Уæд ма уодæгас адтæй. Кæрæдземæ бакастан, фæйнердæмæ рагъæуæйттæ кодтан, уæдта мети къубулойнитæ ракодтан æма еци фæйнæгбæл ралæуудтан… Фиццаг хатт исгъæр кодтон уæди нæ еци сосæггаг миуæ дорадзагъдæй.*

**– Еци æнæбайрайгæ Пленуми размæ Хъубадий хæццæ дæ рахастдзийнæдтæ куд адтæнцæ, циуавæр иссæнцæ уой фæсте ба?**

– Æз ин мæхе уодæй устур аргъ кодтон, уомæн æма си берæ хуарздзийнæдтæ зудтон. Царди мæ къохи ци бафтудæй, уонæн сæ фулдæр дæр уой фæрци… Дзæбæх фæццардан, æ ауодундзийнадæ ми некæд феронх уодзæнæй. Гъомбæл мæ кодта куд разамонæг косæги, уотæ, ауодудта мæбæл, ахур мæ кодта бæрнондзийнадæбæл. Æма айдагъ мæн нæ, фал ма берети дæр. Уомæн феронхгæнæн куд ес!..

Хъубади ку нæбал куста, уæд мæмæ æ дзæбæх бийнойнаг телефонæй æрбадзурдта, кæд, дан, дæ нæ хуарздзийнадæ фæндуй, уæд нин нæ зæронд цæрæнбунæттæ фæстæмæ раттун кæнæ, мæнæ фæстагмæ кæми цардан, уони. Зæгъун, дзубанди дæр ибæл нæййес, æма горæнхæсткоми сæрдармæ бадзурдтон, бафæдзахстон ин еци гъуддаг æнæмæнгæ исаразун. Обкоми фæсте Хъубади рандæй косунмæ Хумæллæги МТС-мæ … Æхуæдæг мин нæдæр гъе уæди, нæдæр æ идарддæри кусти туххæй æгириддæр некæд неци иской кодта, фал еууæхæни бабæй мæмæ е ’фсийнæ æрбадзурдта, æ зæрдæ, дан, æй еци æфхуæрди фæсте гъигæ даруй, æма ’й нæхемæ хæстæгдæр рауæни кустмæ ку раййевисæ. Раййивтон æй уæлæ гъæди хæдзарадæмæ, кадæ æма си ради хæццæ фæккуста.

Еци рæстæг нæмæ Мæскуйæй обкоми дуккаг секретарæй исæрвистонцæ циуавæрдæр Севостьянови, цидæр золкъæхуæрд рæзи хузæн, президиуми бадгæй бафунæй уидæ. Æма дин Хъубадий буни ку бабуридæ, мæнмæ гæсгæ, уой дæр бабæй Суслови цъухæй. Туххæй æй уорæдтон. Еухатт бабæй мæн æнæуой ЦК-мæ телеграммæ фервиста, Хъулайфурти, дан, Мæздæги еу партион организаций унаффæмæ гæсгæ партий рæнгъитæй рагæлстонцæ, æрахæссун, дан, æй гъæуй. Нæй бауагътон бафхуæрун… Уой е æхуæдæг дæр æма æ бийнонтæ дæр зудтонцæ.

Хъубади ку æрсæйгæ ’й, уæд æ бийнойнагæн ниффæдзахста, миййаг, дан, мæмæ Валоди ку ’рбацæуа, уæд мин рагацау зæгъæ, кенæдта, дан, мæ хуссæни ку ’рбаййафа, уæд ходуйнаг æй. Æ хъури мæ ракæнидæ, берæ æхцæуæн имисуйнæгтæ æримисианæ. Мæ мадæ ку фæззиан æй, уæд мæмæ æхуæдæг еци сæйгæй æрцудæй е ’нсувæр Созурухъой хæццæ, Хумæллæги уæлмæрдти мæ фарсмæ фæллæудтæй. Æхцæуæн мин адтæй… Æхуæдæг ку рахецæн æй, мæгур, уæд æз Мæскуй цардтæн æма мæмæ уордæмæ фегъустон еци уæззау хабар… Дуккаг бон ами, Иристони æрбалæудтæн, уæлæбæл ма ’й исæййафтон, æ кири сæргъи еци зæрдхъурмæй фæллæудтæн, мæ къох ибæл байвардтон. Ихæсгин си адтæн… Уотæ мæмæ кæсуй, æма уæхæн адæймæгутæ æма уæхæн разамонгутæ тагъд рæстæгути нæмæ нæбал уодзæнæй. Дамир, уой дин æз федарæй зæгъун…

* * *

*Нæ фембæлди рæстæг финги уæлгъос бадтан, уотемæй нæ дзубандий кæронбæттæни Валоди ракувта Иристон æма æ адæми цæрæнбони туххæй.*

– Æрбакæсæ мæмæ, Дамир, сувæллон нæбал дæн, уой уинис, мæ райгурæн зæнхæмæ, Хуцауистæн, ку исхъæртун, уæд, цума сабий дæн, уой хузæн мæ зæрдæ гупп-гупп кæнун райдайуй… Æнзтæ мæбæл куд фулдæр цæуй, уотæ – никки хъæбæрдæр… Еуæйеу хатт ба дзæгъæл, æнæгъæугæ гъудитæ дæр кæцæйдæр фæззиннуй, кæд дин а дæ райгурæн зæнхæмæ дæ фæстаг истахт æй, зæгъгæ… Фал сæ, мæнæ цума æхсилкъæгæнагæ биндзитæ ’нцæ, уой хузæн фæссорун. Некæд бафсæдздзæнæн ардæмæ цæунæй. Мæ къабæзтæ æма ме ’мбæлтти фæууинун, бафсæдун иронау дзорунæй. Хумæллæги мæ мæгур мади циртбæл мæ къох байвæрун.

Мæхе цæститæй æй фæууинун, мæ зæрдæ ’й балæдæруй: зонунцæ ма мæ, нæ мæ феронх кодтонцæ, бацийнæ мæбæл кæнунцæ æма мæ уæд хуæздæр хуарз нæбал фæгъгъæуй…

Айразмæ еу финги бадти Томайтæмæ еугурæй дæр – фусунтæ дæр æма иуазгутæ дæр – ниллæудтæнцæ, Валоди, хестæрæн нин исбадæ, зæгъгæ. Бæргæ мæхе тиллефтæ кодтон, гъома, æз ами хунд лæг, идардæй исцæуæг дæн æма мæмæ еци барæ некæци хузи хауй… Фал мæмæ игъосæг кæми адтæй.. Мах, дан, дæ иуазæгбæл нæ нимайæн æма нæ фæндæ дæр уомæ гæсгæ ба хъæбæр раст æй... Финги хестæри хуæздæр ци гъæуй? Хестæрæн кæмæн фæббадуй, етæ ’й ку нимайуонцæ, уæд е. Уой уомæ гæсгæ зæгъун, æма уæд еци дæргъæй-дæргъæмæ финги сæргъи кадæр бадтæй, етæ сæхе уотæ æгъдаугинæй бавдистонцæ, уотæ сабур фæббадтæнцæ – уой бæрцæ адæм... – æма дессаг, сæ сæрти, биндзæ ку ратахтайдæ, уæд, æвæдзи, уой æстуф, уой базурти сæр-сæр дæр ма си игъустайдæ… Уомæй уой зæгъуйнаг дæн, æма мæнæн дæр, уæдта сæхецæн дæр аргъ ку нæ кодтайуонцæ, уæд уотæ сабур фæббадтайуонцæ?!

Æзинæ ба мæ гъæунги еу лæг бауорæдта, хъæбæр мæбæл фæцциййнæ кодта… Æз æй мæхуæдæг ке нæ базудтон, уой ин не ’сгъæр кодтон. Ду, дан, мæ, Валоди, кæддæр фæллойнæмæ исразæнгард кодтай æма ди муггагмæ арфиаг дæн… Мæхецæн дæр еци фембæлд хъæбæр æхцæуæн адтæй – æгайтима мæ хумæтæги адæм гъуди кæнунцæ, мæ хуарз мин сæ зæрдæбæл дарунцæ æма ми арфиаг æнцæ... Уогæ уотæ берæ хæттити фæууй…

## АВТОРИ ФÆСДЗУРД

*Мæ радзубандий райдайæни дæр æй загътон, Æгкацати Валодий хæццæ фембæлун мæ бафæндадтæй, еуемæй куд нæ номдзуд лæг, уотæ, иннемæй ба ма еума бæлвурд гъуддагмæ гæсгæ дæр. Æз уæд Хъулати Хъубадий туххæй мæ уацаубæл кустон, æма цæмæй уой туххæй фулдæр æма бундоронддæр æрмæг æрæмбурд кодтайнæ, уой туххæй ба мин ахсгиаг адтæй е ’мдогон æма е ’мгустгæнæг Æгкаци-фурти имисуйнæгтæ базонун: Валоди Хъулати Хъубади бæсти партий Цæгат Иристони обкоми фиццаг секретарæй косун ку райдæдта, уæд циуавæр адтæнцæ сæ идарддæри рахастдзийнæдтæ. Фал нæ еци фембæлди рæстæги не ’хсæн уæхæн зæрдибун дзубанди байеудагъ æй, æма ма уæд берæ дессаги хабæрттæ фегъустон. Уони мæ зæрдæбæл бадаргæй, уотæ æнгъæл дæн, æма Иристони дзиллитæн дæр етæ цæмæдесаг уодзæнæнцæ. Уомæ гæсгæ ба мæ зæрди ес еууæхæни сæ лæмбунæгæй ниффинсун æма сæ ниммухур кæнун... Уадзæ æма нæ кæстæр фæлтæртæ дæр зононцæ нæ евгъуд рæстæгути цардиуаги цаутæ æма хабæртти æцæгдзийнадæ...*

## АЛЦÆМÆН ДÆР РАСТДÆР ТÆРХОНГÆНÆГ РÆСТÆГ ÆЙ...




**Транскауми ахедундзийнадæ цæйбæрцæбæл агъазиау æй, е абони бæлвурд æй. Фал уой исаразун ба уотæ æнцон нæ адтæй – æ нихмæ архайдта Гурдзий разамунд. Фал уæддæр æ исаразун ба æнæмæнгæ гъудæй, æма уобæл архайун байдæдта Æгкацати Валоди. Бантæстæй ин æ фæндонбæл исарази кæнун сауæнгæ Никитæ Хрущеви дæр. Еци куст идайгæ бæргæ ракодта, фал ин æ фæуун ба нæ бантæстæй, нæ ин фæцæй фагæ рæстæг. Фал гъуддаг кæронмæ исæнхæст кодта республики фæстæдæри разамунд… Уæддæр ни Æгкаци-фурти байвæрд гъæуама иронх ма кæна…**

## ХУÆРЗГÆНÆГИ ФАРНÆ – ÆНОСТÆМÆ ГЪÆУАМА АРФИАГ УА...

**исдзурдта Æгкаци-фурт: «Цалинмæ æз сæрæгас дæн, уæдмæ институтмæ неке бавналдзæнæй, е Иристони байзайдзæнæй!..» – загъта Уæрæсей министрти Совети сæрдар Д. Полянскийæн. Æма æ дзурд рацудæй – институт Дзæуæгигъæуи байзадæй, иссæй академи.**

**Иннæ хабар. Уæди рæстæги хуæдтæхæгæй Мæскумæ фæттæхуни туххæй бæлццæнтти цæун гъудæй Минводтæмæ – дууæсæдæ километремæй фулдæр. Æма Æгкацати Валоди æновудæй байархайдта, цæмæй бæлццæнттæ нæхе аэропортæй балци кæнонцæ Мæскумæ, уомæн син уа гъæугæ равгитæ. Абони нæ аэропортæй кумæти ба нæ рабалци кæнунцæ нæ бæлццæнттæ.**



***Франческо ПЕТРАРКА (1304-1374), италиаг поэт: «Ирисхъæ ескæмæ хуарз цæстæй ку ракæсуй, уæддæр айдагъдæр уой тухххæй, цæмæй æй уой фæсте расайа. Адæймаги уæлиаумæ исесуй айдагъдæр уой тухххæй, цæмæй æй уордигæй рагæлдза. Уогæ æнтæститæбæл***




***КОКИТИ Геуæрги æ финст уадзимис «Æносон хаулли»-й тухххæй уотæ байамудта:***

***«Æносон хаулли»-й таурæхъ фиццагидæр фæззиндтæй уруссагау «Пантеон» журнали 3-аг томи, 6-аг киунуги, 1850 анзи.***

***Таурæхъ абхазаг æвзагæй раййивта уруссаг æвзагмæ зæронд финсæг Савинов, æз ба 'й раййивтон уруссаг æвзагæй дигорон æвзагмæ.***

***Аци таурæхъ, Савинов куд зæгъуй, уомæ гæсгæ хæтуй кæсгон, цæцæйнаг, мæхъæлон, абхазаг æма ирон адæмти æвзæгтæбæл. Фал абони уæнгæ геппиуагъд ка 'рцудæй фидтæлти таурæхътæй ирон, кæсгон, мæхъæлон, абхазаг æма цæцæйнаг æвзæгтæбæл, уони 'хсæн аци таурæхъ некæми æй. Ирон адæми астæу дæр таурæхъ некæбал гъуди кæнуй: адæмæй байронх æй.***

***Аци таурæхъæн, мæнмæ гæсгæ, ирон адæми литератури ес устур ахедундзийнадæ, уомæ гæсгæ æма еугур дуйней адæмти литератури Агасфер, кена ба «Вечный жид», зæгъгæ, ке хонунцæ, уой нин ке æвдесуй Бурхани хузи, уой тухххæй.***

***Агасфер, хъæбæр рагон хабарæй куд байзадæй, уомæ гæсгæ Хуцауи нихмæ устур тæрегъæд ракодта æма 'й уомæ гæсгæ ба Хуцау ралгъиста «надзæла-намæла æносмæ фæккæнæ», зæгъгæ.***

***Бурхан дæр, рагон æгъдæутти нихмæ бакодта æртæ устур тæрегъæди: рауæйæ кодта æ цардхуæри, фусун нæ загъта иуазæгæн, силгоймаги рамардта.***

***Бурхан, таурæхъмæ гæсгæ, мæлгæ æцæгæй ракодта, фал æ уод æносмæ Агасфери хузæн, уæлæбæл гъезæмарæгæнгæ байзадæй.***

***Агасфери хузæ дуйней литературæмæ бацудæй арф. Немуцаг литературæмæ 'й бахастонцæ Гете, Шамиссо æма Ленау; Францій литературæмæ – Шелли, уруссаг литературæмæ ба – Жуковский.***

***Агасфер ирон адæми таурæхъти дæр разиндтæй Бурхани хузи æма мæмæ е кæсуй хъæбæр устур гъуддаг.***

* * *

*Кокити Геуæргий финст уадзимис «Æносон хаулли» мухургонд æрцудæй журнал «Мах дуг»-и 1940 анзи 3-аг номери. 2011 анзи ба Дзæуæгигъæуи рацудæй Кокити Геуæргий уадзимисти æмбурдгонд «Æфсæн мæсуг», мухурмæ 'й бацæттæ кодта зундгонд ахургонд æма рохситауæг Тменати Дзерассæ. Уордæмæ хаст æрцудæй «Æносон хаулли» дæр.*

*Уадзимиси растфинсуйнадæ кæмидæрти дигорон литературон æвзаги нури домæнтæмæ гæсгæ бæргæ исрасткæнуйнаг æй, фал æй уæддæр мухур кæнæн авторæн æхе финстмæ гæсгæ.*

**– 1 -**

Ирæфи дони рахес билæбæл, Æхсæргунæй еу къуар версти ку 'суайай, уæд уоми нуриуæнгæ дæр ма дигорон лæг байамонуй арф цъай – Байдæг, зæгъгæ, æ ном. Еци цъай æндæр номæй дæр ма фæххонунцæ – «æртæ тæрегъæдей дæлмагуртæ», зæгъгæ. Фиццаги-фиццагидæр, нæ хуæнхбæстæмæ киристон дин хъæртун ку байдæдта, уæд раст еци цъайии бунати æ мæгур къæси цардæй мæгур дигорон лæг Бурхан, зæгъгæ, æ ном. Бурхани цæрæнти фалдзос æндæр цæрæг нæбал адтæй дигорæй: Дигорæ ма уæд еугурæй дæр медхонх цардæнцæ. Бурхани еунæг мæгурæй æ гъевтæ хуардта: кæд, цит, еске батонау кæнидæ, кенæ ба цауæни ести æ арми бафтудайдæ, уæд хуæрдгун кенæ ба æстонг.

Фал кæд Бурхан мæгурæй æ гъевтæ хуардта, адæмæй ба цардæй идæрддзæф, уæддæр æ мæгур къæс æхсæвæй-бонæй иуазгутæй адтæй идзаг: Ирæ, Дигорæ æма Кæсæги фæсевæдæн сæ тæккæ хуæздæртæ саулох бæхтæбæл идард балций ранæхстæр уиуонцæ Бурхани мæгур къæсмæ: уони 'хсæн ба лæг нæ фæууидтайдæ гебенагин, кенæ ба уорсалистæ халасдзагъд лæг... Лæг бангъæл адтайдæ, æма еци заманай фæсевæд æмбурд кæнунцæ Бурханмæ, уой тухххæй æма, куд хæтæг лæг, уотæ ин алли гъæуи дæр, алли адæми астæу дæр зонгитæ æма æрдхуæрдтæ ес, зæгъгæ...

Фæсевæдæй Бурхани лимæндзийнадæ неке агурдта, уæдта гъæугæ дæр, æвæдзи, уотæ хъæбæр неке кодта: мудибиндзитæ рагуалдзæги деденæгбæл бæлттæй куд æмбурд кæнонцæ, уотæ фæсевæд дæр æмбурд кодтонцæ Бурханбæл æ хуæрæмæ гæсгæ – Доссанæ, зæгъгæ, æ ном.

Доссанæ, æдæуагæ, уæхæн рæсугъд кизгæ адтæй, æма æ еунæг æнгасбæл дагестайнаг æ «сугъзæрийнæ рехæ ниддасун кодтайдæ, æ гæмæх даст сæрбæл ба даргъ къæбæлдзуг сæригъун рауагътайдæ». Доссани рæсугъдæн кизгæ хъæбæр зин иссерæн адтæй Кæсæги дæр, Ири дæр æма Дигори дæр; æ сау дууæ цæсти, балий дууæ нæмугей хузæн æрттитæ цагътонцæ: æ нарæг астæу сугъзæрийнæ камарий буни æвзонг гæдибæласи хузæн, тасæ-уасæ кодта, е 'взестæ, зæлланг хъур ба кусти сæргъи Бурхани мæгур къæсæй кæмтти идæрдтæмæ игъустæй æма, цит, сахълæуд никкæнун кæнидæ тæссаг надбæл æнафони бæлццони... Æ кафти рæуæг, æ игъæлдзæгдзийнадæ, æ лæгигъæдæ – Доссани æмгæртти мардтонцæ соцъайæй, фæсевæд ба саулох бæхтæбæл идард балций ранæхстæр уиуонцæ, кæд æ цæстингаси фæууианæ, зæгъгæ, æнгъæлкæсгæй, алкедæр. Æртæ фарасткъохон бæхбæттæни Бурхани къæси размæ æхсæвæй-бонæй лæг ревæдæй некæд фæууидтайдæ.

**– 2 -**

Еухатт кæми адтæй, уоми уалдзигон изæри Бурхани хæдзарæй еугæй-дугæйæй иуазгутæ хæлеу кæнун райдæдтонцæ. Иуазгутæн сæ фæстагæр байзадæй кондгин æма уиндгун кæсгон æлдар Хасан-Бек, зæгъгæ, æ ном. Бурхан æма Хасан-Бек кæрæдзебæл уотæ цийнæ æма табедзæ кодтонцæ, æма лæг бангъæл адтайдæ, цума дигорон æма кæсгон æлдар æнсувæртæ разагътонцæ, уотæ, фал дууæ лæгей æхсæн æнсувæр æма хæлардзийнади гъуддагæй мор дæр неци адтæй: еци изæр Бурхан Хасан-Бекæй райста устур гæртан æ хуæри тухххæй сосæггай.

Уомæ гæсгæ ба дууæ лæги дæр адтæнцæ амондгун æма кæрæдзебæл цийнæ кодтонцæ. Хасан-Бек сау нимæт æ рагъи рафтудта, æ кард, æ топп райста æма Бурхани хæццæ рацудæй тургъæмæ. Кæсгон æлдар заманай саулох бæхбæл æхе фенгон кодта æма Доссани къæрази комкоммæ гъазун райдæдта. Æрæги-дурæги ба хуæрзизæр загъта Бурханæн æма талингæ коми фæййаууон æй хъæрццигъай хузæн. Бурхан дæр ма еу сахат ралæудтæй, уæдта идæрддзæф къæдзæхи бунмæ æхе райста, æ гæртани æхцатæ сурх къимбуси къуар æнхийи никкодта æма ранæхстæр æй хæдзарæ 'рдæмæ. Минкъий ма 'й куд гъудæй къæсæрмæ, уотæ ба игъосуй, цума 'й кадæр æ номæй исхудта, уотæ. Бурхан фæллæудтæй, нийгъуста: æцæгдзийнадæй имæ Ирæф æрдигæй кадæр дзурдта æ номæй. Æ бузуртæ еу халæбæл телгæй, Бурхан æхе, гъæуанзи хузæн, рауагъта гъæр æрдæмæ.

– Сафар!.. Мæ дæлуймон, Сафар, ду дæ, ду, мæнгард? Хуцау ди ма 'сбоз уæд, мæ уод мин ку рауайун кодтай!..

Дони билæбæл лæудтæй туркаг бицщеу, Сафар, зæгъгæ, æ ном. Сафари уæле рæуæг сосæг сæудегери туркаг хъæппæлтæ. Æ гъæлæс æ фæсгъостæмæ нийтигъта, уотемæй дууæ рæнгъи сатæг-уорс æставд дæндæгутæ байгон кодта Бурханмæ.

– Стамбойлаг мæнгард, ци хуарз хабар мин æрхастай? – дзоруй Сафармæ Бурхан. – Ци 'рдигæй? Æвæдзи бабæй дæ мæнгард зæронд фиди хæццæ нæ хуæнхти топпихуасæ æма сугъзæрийнæ æййеветæ нæ хуæнхаг рæсугъд силгоймæгтæбæл?

– Нæ рæдуйис, Бурхан, раст зæгъис, – дзоруй Сафар. – Раст дин ку зæгъон, уæд нæ аци уалдзæг лæвари не 'хснадта уалдзигон сахуарун уæ кæмтти: æхсæз хатти æхсæзгай цæдзи рарвистон хъумацæй Пицъундæмæ Бзибий билтæбæл. Уæдта Кæсæгæй дæр еу-цуппар цæдзи Гурдзибæл Потимæ... Нæ зонун æцæг, цæмæй нин балхæндзæнæ нæ зæрдæ Бурхан, уой, уæдта нин ци балæвар кæндзæнæй Дигорæ, уой...

– Ба ди æруагæс уæд, Сафар-Бек, аци балций, гъæуама, уæ арми нæ бафтуйдзæнæй еу бойауæй хурст сили нихбун дæр. Дигори уæ аци балций хайир не 'ссердзинайтæ.

– Цæмæн уотæ зæгъис, Бурхан? Ци фæцæнцæ уæ силгоймаг – рæсугътæ?

– Пирсийæй идардæр ци фæууниау æнцæ нæ рæсугъдтæ? А фæззæги дзурд равардтан Дербенти сæудегертæн...

– Хуцау си ма 'сарази уæд... Фал, Бурхан, уотæ æнгъæл дæн, æма кæд нæ балцийæй неци рауайдзæнæй, уæддæр цума мæ фидæмæ ба дæхе бавдесуниау дæ, уотæ... Уæртæ Ирæфи æндаг билæбæл дæу хезуй...

Сафар топпи фатау Ирæфи билæй ниггæпп кодта бæлæгъмæ, æхуæдæг ба æ фæсте ивазуй Бурхани æ думæггагæй. Бурхан бæлæгъи хурфæ ку иссирдта, уæд Сафар æхе фæффест кодта æма æстаунмæ февналдта. Дæс минутти рацудайдæ, уæдта Бурхан Абдули фарсмæ заманай туркаг горцъебæл æхе рауагъта устур тæрсæ бæласи буни, æма хъазар Стамбойлаг тамаку даргъ лолæй думдта...

**– 3 -**

– Хуцау-зæнхæй дин ард хуæрун, Бурхан, мæ устур хæлар, кæд а дуйнебæл дæуæй гъæладæр æма æнæзунддæр еске ес, уæд. Кæд мæнæ мæ цæппæрмæ ести зунд ес, уæд дæу сæри дæр ести ес. Авд дини æма дин æвдæймаг арвæй ард хуæрун, кæд устур æнæзунд нæ дæ, уæд; амонд æхуæдæг дæ фæсте хæтуй, сугъзæрийнæ гъолтæ сæхуæдтæ дæ дзиппитæмæ хаунцæ, ду ба си дæхе, лæг æхе фатæй куд тегъа, уотæ дæхе рафæлевæ-бафæлевæ кæнис. Мадта ма гъæлабæл сиутæ фæууй? Уæ, æнæзунд, дæхемæ листæг æркæсай, дæхемæ. Дæ гебенай дивилтæмæ цæмæннæ æркæсис? Дæ базуртæ еу халæбæл ку телис, æма дæ бон цæмæннæ зонис, дæ мæгурдзийнадæ цæмæннæ гъуди кæнис?

– Е уотæ 'й, Абдул, фал ракæсай...

– Гъай-гъайдæр, уотæ 'й... Кæсун дæмæ, рагæй дæмæ кæсун, æма устур æнæзунд ке дæ, е ми æнæмæнгæй баруагæс æй. Дæуæй хевастдæр, Бурхан, хуæнхаг хæрæг дæр нæма фæууидтон. Хъуран, китаббæй дин ард хуæрун, кæд дæу бунати æз фæстæмæ дæр ку фæккастайнæ, уæд. Ракæсæй, Хуцауи хатирæй, аци сугъзæрийнæ гъолтæмæ, куд тæмæнтæ калунцæ, хорау куд æрттевунцæ... Нæ, дан мæ гъæуй аци мулк.

Æррабæл ма сиутæ фæууй? Мæгурæй исæфгæ кæнуй, æхемæ ба ин бакæсай!..

Абдул æхе ракъолæ кодта æма калакаг дувазон хурдзинтдзаг сугъзæрийнæ гъолтæ, тæмæнтæгæнгæ æруæгъдæ кодта æ размæ Стамбойлаг фæлмæн горцъебæл. Мæйдар æхсæвæ стъалутæ арвбæл куд гъазонцæ, уотæ сугъзæрийнæ гъолтæ Абдули æнгулдзити 'хсæн цæхæртæ калгæ, рафеллауæ-бафеллауæ кодтонцæ. Бустæгидæр ба сæ зæронд налат туркаг Бурхани цæстæмæ гæсгæ рауелæ-бауелæ барæй кодта. Судæймæлгæ лæг идзаг фингæмæ æ къæн-къунтæ куд хуæра, уотæ Бурхан дæр æ дууæ цæсти сугъзæрийнæ гъоли къупхæмæ ниццавта æма æ фур азарæй æ зир-зир цудæй, æ сор хед ракалдæй, уæдта æ цæститæ дони разилдта...

– Минкъий расагъæс кæнæ, Абдул, Хуцау кæмæн нæййес, хъурдохæнгæнæг райдæдта Бурхан, фал æй зæронд Абдул дзорун не 'суагъта, æма ибæл æхе фæхъхъæбæрдæргæнгæй гъæри буни фæккодта:

– Гъе æнæзунд, мæн ци сагъæс кæнун кæнис: сагъæс ду бакæнæ, ду, æз ба ибæл басагъæс кодтон... – æхуæдæг ба, сугъзæрийнæ гъолтæй гъазгæ-гъазгæй, цума æнæбари ин æркалдæнцæ, уотæ æ хубедзæстидзаг Бурхани гебенай думæггагмæ æркалдта. Бурхани гебена уотæ зæронд æма къуæхтæ адтæй, æма си сугъзæрийнæ гъолтæ æ думæггагæй æркалдæнцæ.

– Силгоймаги рæсугъддзийнадæ цæмæн æй, ци æй, уобæл Бурхан минкъий расагъæс

**Æнæнездзийнадæ гъæуайкæнуйнади къабазæн арфитæ æма фæндонти Бон бæрæггонд цæудзæнæй 16 апърели. Æма сумах дæр, æвæдзи, разиндзæнæй зæгъуйнæгтæ...**

*цийнæ кæнун адæймаги устур рæдуд æй. Уæхæн рæдудтитæн ба кæрон дæр нæййес... Ездон адæймæгутæн ци хуарзеугутæ фенгъезуй, етæ федиссагмæ ку æрхаунцæ, уæд мæмæ нæ еумæйаг ирисхъæ кæуйнаг æркæсуй...»*



кæнæ, кæд бустæги æдули нæ дæ, уæд... Уотæ æнгъæлис, æма силгоймаги рæсугъддзийнадæ мæнæ аци сугъзæрийнæ гъолти рæсугъддзийнади хузæн æй? Дæ зæрди кæрони дæр ма æрæфтуйæд: сугъзæрийнæ гъолæ ку базæронд уа, æрттевгæ уотæ ку нæбал кæна, уæддæр æ нæуæги цæйбæрцæ адтæй, æ зæронди дæр уой аргъ кæнуй... силгоймаг ба?..

– Е-е-е, Бурхан, силгоймаг æма сугъзæрийни астæу берæ рауайуйнаг ес, – уой дæ зонун гъæуй, мæ хæлар! Силгоймаг сугъзæрийнæ гъолæ нæй! Силгоймагæн æ базæронд устур æнамонддзийнадæ æй: анз уæлдай ибæл ку рацæуа, уæд силгоймаг сæдæ сугъзæрийнæ гъоли асландæр кæнуй; силгоймаги «æвзестæбæл» ба æрхи дæр некебал ратдзæнæй...Уобæл берæ дзорун дæр нæ гъæуй, гъæуама ’й дæхуæдæг дæр хуарз зонай æнæ мæн дæр... Нур Бурхан, мæнæ дæу хуæрæ Доссанæ, – бахатир кæнæ, фал е дæр силгоймаг æй, æнхуæцей хузæн... Доссанæбæл, Бурхан, нуртæккæ, гъа, мæнæ калакаг дувазон хурдзинтæ сугъзæрийнæ гъолтæй тъунсгæ-нæмгæ; уонæми ба ес финддæс мини!..

Абдул æваст æ дууæ къохи фæффест кодта æма сæ сугъзæрийнæ цæхæри рацавта; сугъзæрийнæ гъолтæ зæлланггæнгæ æрбайвулдæнцæ Бурхани ’рдæмæ...

– Еу анз ма ибæл ку рацæуа Доссанæбæл, зæгъгæ, – загъта Абдул, уæдта дин Бурхан, дæ хуæрæбæл мæнæ анæн се ’рдæгæй фулдæр нæбал ратдзæнæн; дууæ анзи – сæ цуппæрæймаг хай; æртæ анзи – уæдта...

– Цæй, Бурхан, расагъæс кæнæ, æнæзунд æдули ма уо! Хуцау дин амонд æ дууæ къохемæй дæттуй æма си дæхе ма хатæ! Рæдуйис!..

– Мæ фидбилиз... мæ сайтани хай, зæронд лæг... Мæ хуæри, мæ еунæг цардхуæри куд рауæйæ кæнон, Хуцау кæмæн нæййес? Ци мин кæнун кæнис, Абдул, ци ми агорис? Æхуæдæг ба æ дууæ цæсти сугъзæрийнæ гъолти зобатмæ ниццавта, ехæнрезæ кæнгæй.

– Гъе æдули, æнæзунд, æз ди æгириддæр неци агорун мæхецæн. Кæд дæ галеу дæ рахесæй æвзарунгъон дæ æма кæд адæми гъæр лæдæрис, уæд ди æз мæхецæн неци агорун, фал дин дæхе æма дæ хуæри сагъæс кæнун. Æз уой зæгъæг дæн, æма дæмæ амонд æхуæдæг æрцудæй æхе къахæй, æма ’й дæхецæй дæр, дæ хуæрæ Доссанæй дæр дæ къахи фиййæй ма къуæрæ. Æнæзунд, бунбауйнаг, уой куд нæ лæдæрис дæ цубур зундæй, æма Доссани устур æнамонд ке кæнис, уой! Доссанæ Турки паддзахи уоститæн уодзæнæй сæ тæккæ хестæр, сугъзæрийнæ æма æвзести бунæй ба зингæ дæр ку нæ кæндзæнæй... паддзах ба ’й хори фæрдугау, æ хъури ку дардзæнæй, æ комидзаг ба уой хæццæ дууех ку кæндзæнæй, биндзæ бабадун дæр ибæл ку некæд бауадздзæнæй...

Кенæ дæхе сагъæс, Бурхан, куд нæ ракæнис: мæнæ аци мулки хæццæ ка уисæ Дигорæ æма Ири ’хсæн, уой зонис? Дæ хабар, дæ кадæ ракой уидæ Ирæ æма



Дигорæбæл нæ, фал сауæнгæ Кæсæг, Асситы уæнгитæ. Бурхани топпи хæтæл хорæй æрттевагæдæр æма рæсугъддæр уидæ, æ хорæсайнаг хъæма ба æндон халæ лух кæнидæ, æфсæйнаг ба наси карст. Тохъосаутæ ба уонтæ бæрзонд æма сæргубурæй дæуæн дæтдзæнæнцæ уæд æгъдау, кенкегъазæ ба дин, цит, дæ размæ ку раласдзæнæй заманай саулох бæх, Стамбойлаг горцъейæй æмбæрзтæй... Кæсгон æлдæрттæ дин, Бурхан, уæд дæ æгъдинцойнæбæл бæргæ хуæциуонцæ... Кенæ ба дæ фусти дзогтæн нимæдзæ дæр нæ уидæ, дæ бæхæргъæуттæн ба бакæнæнтæ дæр нæбал уидæ... Еу иннемæй рæсугъддæр кизгуттæй дæ галауантæ, Бурхан, тъунсгæ-нæмгæ ку уиуонцæ... Дæ берæ хъиамæттæ æма мæгур бæнттæ фуд фунау ку феронх уиуонцæ, Бурхан!..

Хелаги сæрбæл цæнхæ ку ниррæгæнай æма е куд хъурдохæн кæна, уотæ Бурхан гъезæмарæ кодта сугъзæрийнæ гъолти сæргъи, æхуæдæг ба си æ дууæ цæсти нæбал æздахта... Зæронд турккаги дæлуймон дзубандитæ Бурханæн æ тæккæ зæрди сæрмæ хъæрдтæнцæ. Бурхан гъезæмарæй мардæй: еуемæй æ фæндæ адтæй хурдзини дзаг сугъзæрийнæ гъолтæ райсун, иннемæй ба æ еунæг цардхуæри Доссани куд рауæйæ кодтайдæ турккаг цагъарæн...

Бурхан æнсувæрдзийнадæн сугъзæрийнæй аргъ искодта...

Судæймард геруз куй къескъосгæнгæ æхе æстæги морæбæл куд ниццæва, уотæ Бурхан дæр æ фурмондагæй исгъæрзтæй, æхе ниццавта сугъзæрийнæ гъолтæбæл...

– Дæу фæууæд Доссанæ, Абдул... – æхе меднимæр ма исдзорун бафæразта Бурхан, æхуæдæг ба сугъзæрийнæ гъолтæ æ хубедзæстæй кæми æ дзиппитæмæ, кæми æ думæггагмæ рафæлсодзæ-бафæлсодзæ кодта. Фал Бурхани гебена уотæ зæронд дивилдун адтæй, æма сугъзæрийнæ гъолтæ кæсалги æлвæст фæккæниуонцæ думæггагæй дæр æма дзиппитæй дæр.

– Гъе зундгин гъуддаг æй, уæдта раст гъуддаг Бурхан, ду ба дæхе ниббуцæу кодтай æма дæмæ дæхе зундæй хуæздæр дуйнебæл неке зунд кæсуй, – загъта зæронд Абдул, ходæзмолæ кæнгæй. – Дувазон калакаг хурдзинтæ сугъзæрийнæ гъолтæй идзагæй нур дæуæн хæлар, дæ хуæри рæсугъд Доссанæ ба мæнæн хæлар... Уой зонæ, æма дин аци гъуддаг дæ цæстæмæ дæр неке бадардзæнæй, гъома, Бурхан æ хуæри рауæйæ кодта, зæгъгæ. Уæйæ гъуддагæй æз æма дæу астæу мор дæр неци ес, фал бакодтан æййевгæ: ду райстай сугъзæрийнæ гъолтæ, æз ба райстон силгоймаги рæсугъддзийнадæ, – æма етæ ба æнцæ кæрæдзей аргъ. Уæйи гъуддагæй ба, мæ хæлар, нæ астæу мор дæр неци ес. Нур ба, ме ’нсувæр, фæндараст фæууо, ахсæви ба раст æмбесæхсæвæ куддæр исуа, уотæ Доссани рæсугъди ести амалæй раст аци рауæн исæмбæлун кæнæ. Ами дæ хездзæнæнцæ дууæ, кенæ æртæ лæги мæ адæмæй æма уонæй райсдзæнæ дувазон хурдзинтæ æхцайæй идзагæй... Æз ба зæронд куд уа, уотæ бал мæ над цубур кæндзæнæн... Сафар, ци дунд-далагъан фæдтæ, хъæстинези хуæлæдздзаг, – ма рауадзæ, мæнæ нæ хъазар иуазæги донуордæг фæккæнæ... Нæ гъуддаг Хуцауæн æхцæуæн фæууæд... Фæндагираст, Бурхан!..

**– 4 -**

Бурхан æ мæгур къæсмæ ку иссудæй, уæд æ хуæрæмæ æхе нæ бавдиста: ци цæсгонæй æхе бавдистайдæ æ нивондмæ; æ цæсгон Доссани размæ æхснад адтæй. Гъузгæ-гъузгæ æ хæдзари алфамбулай разелæ-базелæ кодта, цалинмæ Доссани къæразгæй цирагъи рохс калдæй, уæдмæ. Доссанæ, æвæдзи, е ’нсувæрмæ æнгъæлкæсгæй бадтæй æ кусти сæргъи.

Хуцау уæхæн мæйдар æхсæвæ искæнун кодта, æма лæг æ развæндаг дууæ ампъезмæ дæр нæ фæууидтайдæ.

Лæгъузгæнгутæ, давгутæ, балций ранæхстæр уогæй, уæхæн æхсæвæбæл баковунцæ Хуцаумæ. Хуæнхаг æхсæвæ уотæ сабур адтæй зилдæгæй, æма цума дуйне æваст цæмæдæр ниййарæнсæн æй, уотæ; æнахъæл Ирæфæн цума е ’носон æмбохун фæссабурдæр æй, уотæ кастæй лæгмæ... Бурхан нийгъуста æ алфамбулаймæ, фал æхе зæрди гупп-гуппæй æндæр æма æхе хæстуолæфтæй æндæр неци фегъуста. Æ зæрдæ уотæ исунгæг æй, æма ’й рафæндæ адтæй Абдули фæссайун, фал æ цæститæбæл сугъзæрийнæ гъолти фазонхурдзинтæ ку рагъазтонцæ, уæдта æваст æ дæндæгутæ фендагъдæнцæ... «Мæнæ куд байтамал дæн, мæнæ», – æхе меднимæр загъта Бурхан. – Лæг марунмæ, миййаг, ку нæ цæун, мæ хуæри уæйæ ку нæ кæнун, æййевгæ ’й ку кæнун…» – гъезæмарæй мардæй Бурхан...

Кæркитæ фиццаг уаст ку никкодтонцæ, уæд Бурхан æхе фæббæгъатæр кодта æма нур хæдзарæмæ фæммедæг уон, зæгъгæ, уотæ ба Доссанæ æ кусти сæргъи зæрдхъурмæ зар никкодта... Уотæ хъæбæр фæттарстæй Бурхан, æма фæстæмæ еу къуар ампъези ракæнгæй, уæлгоммæ дæргъæй-дæргъæмæ рахаудтæй. Доссанæ ба зардта...

Æнгъæлдæн æма, еци æхсæвæй мæтъæлдæр зæрдæй некæд зардта Доссанæ. Еци мæйдар сабур æхсæви Доссани зар уотæ рæсугъд адтæй, æма сау гъæди цъеутæ æригъал уогæй, фæрсаг кæнун райдæдтонцæ алли æвзагæй, аллирдигæй...

Бурхан ку æрæскъидтæй, уæд Доссани къæразги рохс нæбал калдæй. Сабургай дуари къæбæл раласта æма талинги урзацауæнæй æ хуссæн байагурдта зæнхи буйнагбæл, фал æ хъæппæлтæ ба нæ раласта...

Зæронд, цъумур буйнаги гæппæлбæл равдулæ-бавдулæ кодта Бурхан, æ цæсгон æма æ зæрди хæццæ тохгæнгæй. Кæркитæ дуккаг уаст никкодтонцæ, Бурхан ба ма уæддæр гъезæмарæ кодта æ листæни. «Нур афонæ ’й», – æхе меднимæр загъта Бурхан. – Кенæ нур, кенæ ба некæд. Доссанæ ниффунæй æй... Æхсæвæ мæ цæсгонæй дæр æма Доссани сау цæститæй дæр талингæдæр æй»...

Сабургай исистадæй æма ехæнрезæ кæнгæй, расуг лæги хузæн, ракеуæ-бакеуæгæнгæ, æ хуæри сæргъæмæ бацудæй... Доссанæ, изæди цъеуи хузæн, фæлмæн урундухъи хустæй, æ дууæ æставд дзиккой ба æ фæйнæ фарсемæ хуссæни дæргъæйдæргъæмæ лæудтæнцæ; æ еу къох æ сæри буни, иннæ ба, пили æстæгæй дæр уорсдæр, æхе гъæди æргæллеу æй урундухъæй. Бурхан листæг нийгъуста æма, Доссани инæфунæй æндæр неци фегъосгæй, æ урз ра дардта талинги. Æ бугъзур къох нииййахæста Доссани хъæдави хузæн фæлмæн къох...

– Доссанæ! – зæгъгæ, дзоруй сосæггай Хуцауи æлгъист Бурхан, æхуæдæг ба ин нибба кодта. Доссанæ!..

Мæгур кизгæ фатау фесхъиудтæй æма æ хъæдавæ уорс фæлмæн къох æхемæ баскъафта, фал ин е ’ннæ къох бабæй æлгъист Бурхан райахæста...

– Бурхан, мæ арт мæбæл бауазал æй, ду дæ е, ду?– дзоруй и кизгæ.

– Усс, Доссанæ, мæ зæрди æнцойнæ, мæ зæрди стъалу, – зæгъгæ, дзоруй дигорон сосæггай, æ хъурихатт раййевгæй. Фесавдан, куддæр де ’нсувæр, Бурхан, æригъал уа, уотæ...

Мæгур кизгæ уотæ фæттарстæй, æма æ фур азарæй æхе мисти бæдоли хузæн урундухъи къуми балхъивта.

– Доссанæ, мæ бони рохс, ма тæрсæ мæнæй, æз дæн... Хасан-Бек дæн. О, Доссанæ, бахатир мин кæнæ, мæ зæрди рохс, Дигоргоми рæсугъд стъалу! Ходуйнаг не ’рхæсдзæнæн æз дæу хæдзарæмæ, мæ уоди гага, мæ рæсугъд Доссанæ...

– Ци дæ гъæуй, цæмæн æрбацудтæ, Хасан? – зæгъгæ ’й, фæрсуй æ уæгъурсудз æнсувæри Доссанæ, æхуæдæг ба æ къохтæ ратудта æлгъисти къохтæй.

– Усс, мæ зæрди гага, гъæр ма кæнæ... Минкъий мæмæ байгъосæ... Де ’нсувæр, Бурхан, не ’сарази æй. Игъосгæ дæр мæмæ нæ кæнуй... Идардмæ кæсгæ дæр нæ кæнуй... Хъæбæр берæ ин фæллигъстæ кодтон, фал ин амалæй амал не ’ссирдтон. «Мæ хуæрæ уæйæ ’й», – зæгъгæ мин разагъта æрæги-дурæги ба...

– Уæйæ? Æз уæйæ дæн зæгъис? – зæгъгæ, исцъæхахст кодта мæгур кизгæ.

– Усс, Хуцауи хатирæй, гъæр ма кæнæ... Гъо, ра дæ уæйæ кодта... Фал дæ кæмæн рауæйæ кодта, уой ба нæ зонун... Неци мин загъта... нур ба мин, Доссанæ, Хуцау æма зæнхи артæй рохс зæгъæ: мæнæй æндæр еске дæ зæрдæ æхецæн адгинæн райсдзæнæй, æви нæ? Æнæ дæу мæ бон еу бон, еу сахат дæр фæццæрун не ’суодзæнæй, мæ уодигага. Доссанæ, нуртæккæ мæ цард дæр æма мæ мæлæт дæр æнцæ дæу къохи... Зæгъæ мин: дæ зæрдæ адгийнагæн мæн есуй æви нæ?

***Уодзæнæй ма.***

***Хузтæ ист æнцæ социалон хизæгтæй***

**Дууæ зæрдтагон бæрæгбони бæрæггонд цæудзæнæй 15 апърели: культури Æхсæндуйнеуон бон æма аййевæдти Еугурдуйнеуон бон.**

*– Ты где был?..*
*– С собакой гулял.*
*– У нас же нет собаки!..*
*– А мы с ней на улице познакомились.*

☺ ☺ ☺

*– Дорогой, я нашла твою заначку и всю спустила в ресторане с подругами. Ты не обижаешься?*

☺ ☺ ☺

*В любом расследовании важно не выйти на самих себя.*

☺ ☺ ☺

*Ты не ругайся – заболеешь...*

## ÆНÆНЕЗДЗИЙНАДÆ ÆЙ, АРГЪ КÆМÆН НÆЙЙЕС, УÆХÆН ХÆЗНА!..



# ДÆ ЦАРДГЪОНГÆНÆГ – ДÆХУÆДÆГ ÆМА ДÆ НИФС!..

Кæд æма 7 апърел æнæнездзийнади Еугурдуйнеуон бонбæл нимад æй, уæддæр уоййасæбæл парахаттæй ба бæрæггонд нæ фæццæуй. Æма, æвæдзи, е раст æй, уомæн æма æнæнездзийнади хæццæ баст фарстатæ еу бони мадзæлттæй лухгонд не 'рцæуудзæнæнцæ. Етæ аразгæ 'нцæ алли бон дæр, берæ аллихузон фæрæзнити фæрци. Уонæн сæ сæйрагдæрти æмбæрцæ ба агъазиау æй адæймагæн æхе нифсхастдзийнадæ æма разæнгарддзийнадæ. Зундгонд куд æй, уотемæй аци бон бæрæг кæнунæн нисангонд фæууй æнæнездзийнади ахсгиагдæр фарстатæй кæцидæртæ. Æма еу анзи уæхæн нисанеуæг баст адтæй, медицини депресси, зæгъгæ, ке хонунцæ, еци фарстай хæццæ – гъома, адæймагæн æ нифс ку расæттуй, гъенцъун æма уæззау æнкъарæнти буни 'й ку фæккæнуй, уæхæн зæрдиуаги хæццæ.

Уæхæн уавæр дæр нæдæр еу анзи, нæдæр еу бони фарста нæй – алли фæлтæрæн дæр æй æмбæлццон. Æма уæхæн уавæр æхебæл ка нæ бавзурста, уæхæн адæймаг, æвæдзи, æстæн разиндзæнæй. Уæззау æнкъарæнтæ психикон æгъдауæй адæймагмæ æвзурун кæнунцæ зиндзийнæдтæ, сæ ахæсти ку бахауй, уæд æ бон нæбал фæууй æ аллибони хумæтæг куститæ хузæнон æма æнæзинæй æнхæст кæнун дæр, ихæлун райдайуй æ рахастдзийнадæ æ зонгитæ æма хеуæнтти хæццæ. Уæхæн зæрдиуагæ æгæр арф ку ниууй æма берæ рæстæг ку рахæссуй, уæд еуæй-еу хатт адæймаги хе марунмæ дæр æркæнуй. Уæззау бæрæггæнæнтæ куд æвдесунцæ, уотемæй, 15-29-анздзуд æригæнттæ ахиддæр цæй фудæй мæлунцæ, еци дууæ анхосагемæй дуккаг бунати 'нцæ хе маруни цаутæ. Уомæ гæсгæ депрессийæй хе багъæуай кæнунæн ес устур ахедундзийнадæ.

Адæймаг мæтъæл æнкъарæнти буни цæмæй ма фæууа, уомæн ес цалдæр хумæтæг, фал бæлвурд уагæвæрди. Уони фæдбæл æй нæ абони дзубанди.

**Фиццагидæр – рохсбæл æхцул уотæ.**

Ахургæндтæ куд бафеппайдтонцæ, уотемæй адæймаг гъенцъун кæнун райдайуй, уæззау æнкъарæни ахæсти бахауй, анзи афæнттæ кæрæдзей ку феййевунцæ, уæхæн рæстæг, уæлдайдæр ба фæззæги, бон цубур кæнун ку райдайуй, уæд. Ахургæндти гъудимæ гæсгæ, рохс ахедуй адæймагæн æ психикон уавæрбæл, дæттуй ин циуавæрдæр хъаурæ. Уомæ гæсгæ рохсæй хе фулдæр хайгин кæнун гъæуй. Талингæ хуарз æй айдагъдæр фунæй кæнунæн кенæ ба, адæймаги цæмæдæр гæсгæ æрхун кæнун ку 'рфæндуй, уæхæн афони. Уæ цæстæ даретæ, цæмæй кусти бунати дæр, цæрæн хæдзари фулдæр уа рохс. Кусти рæстæг рæфтад кæнуни афони зийнадæ ма кæнетæ æрдзон рауæни уозер кæнунмæ. Фæлладуадзæн бæнтти ба кæдзос уæлдæфи рауæнти æрвететæ никки фулдæр рæстæг. Адæймаги организм хори рохс хъæбæр агоруй, æма 'й уæхецæн ма 'вгъау кæнетæ.

**Дуккаг – уæ хуæрдæ пайдахæссæг куд уа.** Адæймаг гъенцъун, мæтъæл кæнун райдæдта, зæгъгæ, уæд гъæуама исахуада ести хуæрзадæ æма пайдахæссæг хуæруйнаг. Организм гъæуагæ раййафуй гъарæй, уомæ гæсгæ ба агоруй фулдæр калоритæ. Æгæр берæ хуæрдæ дæр нæ бæззуй, фал уæхе еуминкъий фæххинцетæ, уæ зæрдæ ци хуæруйнаг зæгъуй, уомæй. Иронхи ма уæнтæ рæзæ, халсартæ æма кальций, магний æма æндæр гъаугæ бауæргъæдтæй гъæздуг продукттæ дæр, уæдта витаминтæ А æма С. Æнгъезуй пайда кæнун афтекти уæййаг витаминтæй дæр.

**Æртиккаг – фулдæр æзмæлун.** Æзмæлгæй тогмæ хъæртунцæ уæлдай ахсгиагдæр бауæргъæдтæ – эндорфинтæ. Дохтиртæ сæ хонунцæ «амонди» бауæргъæдтæ. Æма е хумæтæги нæй. Зийнадæгæнагæ адæймаг аци бауæргъæдæй гъæуагæ фæууй, сæумæраги еу цалдæр минуттей дæргъи балæвар кæндзæнæй хуарз зæрдиуагæ, æма уин е фагæ уодзæнæй æнæгъæнæ бони дæргъи дæр. Бони дæргъи дæр фулдæр æзмæлунбæл архайетæ, архайетæ спортæй, уозер кæнетæ. Физкультурæ æма спортæй æнæмæнгæ архайун гъæуй алли бон дæр. Ахсгиаг æй, цæмæй еци архайдæй адæймаг арази уа æхуæдæг. Уæд организм «амонди» бауæргъæдтæй уодзæнæй æфсес, æхуæдæг ба – æнæнез æма рæсугъд.

**Цуппæрæймаг – цæрдæг æма иуонгрæуæгдзийнадæ.** Адæймаг æнæхъаурæ ку исуй, уæд организмæн фæййагъаз кæндзæнæнцæ кæрдæги цайтæ, бальзамтæ, уæгъæлий фунхдон æма æндæртæ. Кадæртæ пайда кæнунцæ цай æма къофийæй. Етæ дæр хъаурæ дæттунцæ, фал си берæ пайда нæййес. «Амонди» бауæргъæдтæмæ хауæг серотонин организми цæмæй фæззинна, уомæн хуарз æй шоколад. Адæймаги исгъар кæндзæнæй имбирь.

Фæндзæймаг – рæсугъддзийнадæ. Архайетæ уобæл, цæмæй уæ алфамбулай алцидæр уа аййев – æрдзæ, фадуæттæ, адæм. Уæ кусти бунат, уе стъол гъæуама уа æфснайд, дзаумæуттæ гъæуама уонцæ рæсугъд æма цийнæдзийнадæ хæссæг. Ахиддæр цотæ музейтæмæ, равдиститæмæ, игъосетæ æхцæуæн æнкъарæнтæ хæссæг музыкæмæ. Уазал рæстæг фулдæр пайда кæнетæ сурх хуарæнтæй. Бор æма борбун хузтæ дæттунцæ хъаурæ. Цъæх хузæ адæймаги кæнуй сабур, аразуй ин зæрдæмæдзæугæ, æнцонфадуат уавæртæ.

Æхсæзæймаг – бастдзийнадæ. Уæ рахастдзийнæдтæ æнгондæр кæнетæ æма уæхе ахиддæр бæттетæ уæ хеуæнтти æма хæстæгути, зонгити хæццæ, æхцæуæн уин ка 'й, уæхæн адæймæгути хæццæ.

Æвдæймаг – исонибонмæ кæнетæ нисантæ. Исонибонмæ фæндитæ æма нисантæ кæнун æй хуарз. Уæхе цæмæй ерхæфсдзинайтæ, зæрдæн æхцæуæндзийнадæ хæссæг уæхæн монцтæбæл рагацау гъуди кæнетæ, æвзаретæ уæхецæн уæледарæс, хе рæсугъдгæнæн дзаумæуттæ. Уæхе рæвдауетæ, адæймаги кæми исрæсугъд кæнунцæ, уæхæн сауæдæнттæмæ цæунæй, нæуæг дзаумæуттæ æлхæнунæй, иуазæгуати цæунæй, спортæй архайунæй. Рагацау ке исфæндæ кодтайтæ æма æнгъæлмæ кæмæ кæсдзинайтæ, еци нисантæ алкæддæр кæ къохи æфтуйæнтæ!..

***Медицинон профилактики республикон центр***

## НÆУÆГДЗИЙНАДÆ



### АЛЦИДÆР СИ – СÆЙГИТИ ХУАРЗДЗИЙНАДÆН

Республикон клиникон сæйгæдони фæззиндтæй реанимацион нæуæг хайадæ. Ами пъланон вазуггин операцити фæсте сæйгитæмæ гъæугæ цæстдард цæудзæнæй – ес си еуæндæс бунати.

Реанимацион хайади ци хецæн блок ес, уордæмæ цæуни барæ уодзæнæй айдагъдæр дохтир кенæ медицинон хуæрæн. Ефтонггонд æй нуриккондæр медицинон техникæй. Дохтирмæ фæдздзорунæн си ци дзæнгæрæг ес, е уæхæн æй, æма æ фæрци специалисттæн гæнæн уодзæнæй сæйги хæццæ идарддзæфмæ дæр дзубанди кæнунæн.

Дохтиртæ куд зæгъунцæ, уотемæй, зæронд реанимацибæл ци устур уаргъ æвæрд адтæй, е нæуæг реанимаций фæрци нур фæррæуæгдæр уодзæнæй. Зæронд реанимаций раздæр адтæй æвддæс бунати, нур ба ма си байзадæй æртиндæс. Дууæ реанимаций (еумæ сæ нимайгæй) сæйгитæн ес цуппар æма инсæй бунати.

Аци æхцæуæн цауи фæдбæл Цæгат Иристони æнæнездзийнадæ гъæуайкæнуйнади министр **Митцити Астан** уотæ зæгъуй:

– Нæ республики е æй нуриккондæр домæнтæн æнхæстæй дзуапдæттæг реанимацион хайæдтæй еу. Еугур ефтонггæрзтæ дæр æнцæ нæуæг, сæ фæрци ес равгæ хъæбæр бæрзонд æмвæзадæбæл медицинон агъаз кæнунæн. Раздæр реанимацион палати адтæй сæйгитæн цуппар бунати, нур ба еу пост æй дууæ сæйги уатемæн. Ес си нуриккон уавæртæ, етæ дæр агъаз уодзæнæнцæ, сæйгитæ цæмæй тагъддæр дзæбæх кæнонцæ, уомæн.

## НÆ УОДВАРНИ ГЪОМУСАДИ СÆРБÆЛТАУ АРХАЙУНÆЙ ИХÆСГИН АН ЕУГУРÆЙ ДÆР

**ГАЗЕТ «ДИГОРÆ» – АЛЛИ БИЙНОНТÆН!**

**ГАЗЕТ 2026 АНЗИ ДУККАГ ÆМБЕСÆН РАФИНСУНИ АРГЪ ÆЙ 394 СОМИ 38 КЪАПЕККИ (ТУГЪДИ ÆМА ФÆЛЛОЙНИ ВЕТЕРАНТÆН БА – 345 СОМИ 48 КЪАПЕККИ)**

**ГАЗЕТ «ДИГОРÆ» РАФИНСУН ÆНГЪЕЗУЙ «УÆРÆСЕЙ ПОЧТИ» ЕУГУР ХАЙÆДТИ ДÆР, УÆДТА МУХУР ИУАРÆГ ПОСТХÆСГУТÆМÆ ДÆР**

Дигорæ
**Республикон дзиллон æхсæнадон-политикон газет «Дигорæ».**
**Сæйраг редактор: САКЪИТИ Э. Б.**

**Газет исаразæг æма уадзæг:**
РЦИ-Аланий мухури æма дзиллон коммуникацити гъуддæгути фæдбæл Комитет.
362003, РЦИ-Алани, г. Дзæуæгигъæу, Димитрови гъæунгæ, 2.

**Редакций адрес:** 362015 РЦИ-Алани, г. Дзæуæгигъæу, Къостай номбæл проспект, 11, 6-аг уæладзуг.
Тел.: 25-22-56 (факс), 55-08-16; 25-93-00.
**E-mail:** gazeta-digora@inbox.ru.
**Нæ газети сайт:** http://gazeta-digora.ru.

Газет регистрацигонд æй бастдзийнади, хабархæссæг технологитæ æма дзиллон коммуникацити сфери Федералон служби Управлений РЦИ-Аланий. Рег. номер ПИ №ТУ15-00141, 2017 анзи 14 апърели. Газет мухургонд æрцудæй АБÆ «Рауагъдадæ «Хонсайраг регион»-и. 357600, г. Ессентуки, гъæунгæ Никольская, 5а.

**Газет цæуй къуæре еу хатт – сабати.**
Рафинсуни индекс: **73946.**
Тираж **730.** Заказ **№ 725.**
Мухурмæ гъæуама финст æрцæуа – 17.00; 10.04.2026.
Мухурмæ финст æрцудæй – 17.00; 10.04.2026.

Нæ газетæй ист æрмæгæй пайда кæнун æнгъезуй, нæ редакций аразийæй. Уæдта гъæуама бæрæггонд уа, нæ газетæй ист ке æй, е.
Финстæгутæ, къохфинститæ, хузтæн рецензи нæ дæттæн, уæдта сæ автортæмæ дæр фæстæмæ не 'рветæн.
Газети ци æрмæгутæ рацæуа, уонæбæл бæрнондзийнадæ хæссунцæ сæ автортæ.